ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№152 (22.560) ● 2013 гъэм шыщхьэІум (августым) и 7, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и II нагъыщэр Нэхущ З. А. етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Республикэм и къэралыгъуэр зэфІэувэным хуэунэтІауэ зэфІигъэкІахэмрэ абы социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зиужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэмрэ кьыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и II нагъыщэр етын **Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэм.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм шыщхьэІум и 1-м
№123-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамытъхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэжьыным хуащІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етын

Зрум Леонид Сосрыкъуэ и къуэм - «Олимп зэхьэзэхуэхэм щыхуагъаз сабий-ныбжьыщІэ спорт еджапІэ хэха» щІэблэм щхьэхуэу щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэу Нарткъалэ дэтым и унафэщІым.

Куценкэ Анатолэ Къазбэч и къуэм – «Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм Щэнхабзэмкіэ, социальнэ политикэмрэ спортымкіэ и управленэ» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкіэ и къудамэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр афІэщын

Ажоев Юсуп Абдул-Чэрим и къуэм - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкіэ и комитетым и «Сабий-ныбжьыщІэ спорт школ №3» щІэблэм щхьэхуэу щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм бэнэкІэ хуитымкІэ и гъэсакІуэ-егъэджакІуэ нэхьыжьым

Мэкъуауэ Малик Сэфарбий и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спорт командэ кьыхэхэхэр щагъэхьэзыр центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ и къэрал гъэсакІуэм

Мамхэгъ Хьэчим Хьэсэн и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министрым и къуэдзэм

Уэзрокъуэ Іэбубэчыр Іэед и къуэм - зи жэуапльныгъэр зэхэгъэщхьэхукІа «Август» Іуэхущ1апІэм и генеральнэ директорым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Атлетикэ хьэльэмкІэ и федерацэм и президентым

Телепин Валентин Соломон и къуэм - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм «Атлетикэ псынщІэмкІэ сабий-ныбжьыщІэ спорт школ хэха» щІэблэм щхьэхуэу щІэныгъэ щрагъэгъэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм атлетикэ псынщІэмкІэ и гъэсакІуэ-егъэджакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм шыщхьэІум и 1-м
№124-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен НэщІикІыж хьид махуэшхуэм ирихьэлІэу щІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Республикэм щыпсэу-хэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ, си щхьэкІэ кьызбгъэдэкІыу муслымым псоми си гуапэу сынывохьуэху Нэщ1 мазэ лъапІэр зэриухам щыхьэт техьуэ Хьид махуэшхуэмкІэ.

Муслымым махуэгъэпсым Нэщ1 мазэ лъапІэм увыпІэ хэха щеубыд. Ар тхуэзэфІэкІынур, дин фІэщхъуныгъэр зыхуэдэр кьыщыдгъэлъагъуэ, ди псэхэр нэхь кьабзэ, ди гухэльхэр нэхь быдэ щыхьэ, ди щхьэ пщІэ хуэтщІыжу зыщедгъасэ зэманц. А псоми я лъабжьэр ди Іуэхущ1афэхэр захуагъэм, ди мурадхэр фІым зэрахуэунэтІам шэч кьытедмыкьэжьнырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэм щытыкІэр щефІэкІуэныр куэдкІэ ельытащ муслымэнхэм. Къэралым и сэбэп хэльщ исльамым и щэнхабзэ, псэкупсэ хабзэхэр - мамырыгъэм, ялыгъ диным емылъытауэ цІыхухэм пщІэ зэхуащІыным, гъунэгъугъэр гъэльэпІэным, гумащІагъэм, зыхэщІегъэкъуэным хуэунэтІахэр - кьэгъэщІэрэщІэжьным. Дэ дыхущІокъу кьэрал-дин зэхуащытыкІэхэр зэдэлэжьэныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ я лъабжьэу зэтеддухуэным.

НэщІ мазэ лъапІэм кьытхилъхьа псэкупсэ кьулеигъэмрэ кьарурэ мамырыгъэр, жылагъуэ зэгурыІуэныгъэр, цІыхубэм я зэкъуэтыныгъэр, зыхэхэщІыкІыныгъэр гъэбыдэным хуэунэтІауэ зэрыщытынум шэч кьытесхьэркьым.

Фигухэм гуфІэгъуэр щызыну, мурадыфІэр кьывэхъулІэну, фи жьэгу пащхьэхэм мамырыгъэр берычэтрэ сыт щыгъуи илыну си гуапэщ. Узынщагъэ быдэ, насып, зэІуэпэщыгъэ фэри фи унагъуэхэми фиІэну сынывохьуэхьу.

Дыгъуасэ КЪБР-м и Правительствэм зи чэзу зэІуцІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ абы и унафэщІ Хьэсанэ Руслан.

ЯПЭ Іуэхугъуэр зытеухуауэ щытар КъБР-м Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министерствэр блэкІа мазихым зэрылъжьамрэ УФ-м и Президентым и унафэхэр зэрагъэзащІэмрэщ. Абы ехьэлІауэ доклад ищІащ министр Кучменов ТІэхьир.

КъБР-м и къэрал псэупІэ инспекцэм и Іэтащхьэ Къажэр Нажмудин тепсэлъыхьащ зи унафэщІ Іуэхущ1апІэр нобэкІэ зэлэжьхэм. Апхуэдэуи ар кьытеувыІащ зыІууэ гугъуехьхэм.

Адэкіэ кьызэхуэсахэр хэпльащ КъБР-м и Правительствэм и унафэхэм халъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

● КъБР-м и Правительствэм

Къалэнхэмрэ гугъуехьхэмрэ къагъэлъагъуэ

жыгъэкІхэм я зэгухьэныгъэм и лІыкІуэхэр.

ИТАЛИЕМ къикІахэм яІуащІащ республикэм и Іэтащхьэмрэ мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрымрэ.

- Ди щІыналъэхэр куэдкІэ зэрызэщхьым - цІыху бжыгъэу щыпсэур, экологиер, бгыхэр, тафэр, нэгъуэщІхэри - дыдиныхащ. Абы кьыхэкІыу сыхуейщ ди кьарур зэдгъэуІуну, мэкъумэш хозяйствэм щызэтедухуахэм, экономикэ зэпыщІэныгъэхэм адэкІи дытетыну,- жиІащ ТхьэкІушынэ Асльэнджэрий.

Адыгейм и щІыуэпсыр, зыщалпъыхьа жыг хадэхэр, ахэр кьэгъэкІыным и мызакъуэу, абыхэм кьапкІэхэри щэнэр екІуу зэрызэтеублар хьэщІэхэм ягу ирихьащ. «Сэ гъэщІэгъуэн сщыхъуащ жыгхэр щывгъэкІ щІым и фІагъыр. Апхуэдэ Тироль Ипщэм щыІэжьым», - жиІащ агроном Иннерхофен Ханне. Тироль Ипщэм и мэкъумэш институтхэм я президент Кхуен Андреас ильэгъуахэр, Адыгейм и жыгГъэкІхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэр тельыджэ щыхьащ. «Ильэси 10 дэкІаІуэ фи дежь сыкъакІуэмэ, дэнэ щІыпІи жыг хадэщІэхэр зэрыщысІьэгъунур си фІэщ мэхъу», - жиІащ абы.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● «Мэшыкъуэ-2013»

Псыхуабэ ирегъэблагъэ цІыху 2.500-м щІигъу

Шыщхьэ1уІум и 14-м къыщыщІэзыуэ 28-р къэсыху Псыхуабэ щекІуэкІынущ «Мэшыкъуэ-2013» кавказпсо зэхьыхьэр.

МэшыкъуэУ Іуащхьэм и лъабжьэм щызэхуэсынущ Кавказ Ищхьэрэ федераль округым и щІыналъэ псоми, апхуэдэу Краснодар, Красноярск крайхэм, Волгоград, Ленинград, Киров, Тверь областхэм, Азербайджаным, Армением, Украинэм, Чехием, Эстонием, Осетие Ипщэм я лІыкІуэ 2500-м щІигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІэкІэ зэхьыхьэм хэтынущ цІыху 240-рэ. ИпэІуэкІэ Налшык семинар-зэхэт Іуэхущ1апІэм и щригъэжьІуэкІынущ «Мэшыкъуэ-2013» лагерым и дирекцэм.

Семинарыр шыщхьэуІум и 7-м сыхьэти 9-м кьыщыщІэдзауэ 13-м нэсыху Къэрал киноконцерт гъэтхэгъуэпІэм щызэхэтынущ. Абы и лэжьыгъэр зэриухыу лагерым и дирекцэм и лІыкІуэхэм пресс-конференц зэхуаушэсынущ икІи журналистхэм я упщІэхэм жэуапхэр иратынущ.

Фигу къэдгъэкІыжынщ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр «Мэшыкъуэ-2013» щІалэгъуалэ зэхьыхьэм иджы епІанэу зэрыхэтынур. Республикэм и ныбжьыщІэхэм я деж а форумым и пщІэм зэпымыуэу щыхьхьуэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, «Мэшыкъуэ-2013» хэтыну хуейуэ я проектхэр ягъэлъэгъуащ КъБР-м и щыху 470-м. Арщхьэкіэ абыхэм я зэхуэдитІыр я къару щеплъыжьыфынур 2014 гъэрщ.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсият.

● Псапэ

ФІы щІэным псори къыхураджэ

Шэрджэн цуейм иджыблагъэ щекІуэкІащ «ФІы щІэ» псапащІэ Іуэхур. Абы и жэрдэмщІакІуэу щытащ щІыналъэ администрацэм балигъ мыхьуахэм щадэлажьэ я кьудамэр.

ЕРЫСКЪЫ зэхэлькІэ а махуэм яхуэгуэпащ сабий куэд щапІ, хэхьуэшхуэ зимыІэ унагъуэ 22-м. Абыхэм щопсэу, балигъыпІэм нэмыса сабий 66-рэ. Ерыскьыпхьэхэр кьащэхуащ псапэ щІэным зигу хуэзІуха куей хьэрычэтыщІэхэм я мылькуІэ.

Балигъ мыхьуахэм щадэлажьэ кьудамэм и унафэщІ Тхьэгъэпсо Риммэ зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ псапащІэ Іуэхухэр щыпІэм кьыщыдэгъэзэщІ ильэс кьэс, нэщІ мазэ лъапІэм кьриубыдэу. ФІы щІэным псори кьыщыхураджэ а лъэхьэнэр гульытэншэу зэи щыблагъэкІыркъым районым.

КІАРЭ Элинэ.

Зыми фэбжь хихакъым

Къхъухльатэхэр зыгъэлажьэ компаниехэм я лэжьыгъэм кьыщыкъуэ зэхуэмыхъуныгъэхэр хьыбарегъащІ Іуэхущ1апІэхэр мы махуэхэм нэхьыбзэр зытепсэльыхьхэм щыщыщ.

Махуэ зыбжанэкІэ щІыхухэм я щумэданхэр «Шереметьево» аэропортым щызэтрихьащ. И чэзум зи хьэпшыпхэр зыІэрымыхьэжа щІыхухэр, дауи, абы щыгуфІыкІакъым. КъыкІэльыкІуэу «Аэрофлот»-р аргуэру кьызэрымыкІуэщытыкІэ кьихутащ - кхъухльатэм итІысхьэным и пэ кьихуэу щІыхухэм я дэфтэрхэр кьызэрапщытэ электроныгъ Іэмэпсымэхэр зэІыхьэри, абыи игъэгуэващ. Пэжщ, абы щхьэкІэ рейсхэр ягъэуувакъым - нэхьапэм зэращІу щытам хуэдэу кьапщытэурэ зэфІагъэкІащ.

Дыгъуасэ кхъухльатэхэм ятеухуа хьыбарыншэ дыхьэукъым - иджы нэхь узыгъэгуэавэу: «Боинг» кхъухльатитІ пІащІэгъуэкІэ кьыщетІысэхащ Астрэхьанрэ Новосибирскрэ. Ялэм щІыхуи 100, етІуанэм 157-рэ исащ. КъызэратамкІэ, а кьэхьукъащІэхэм зыми фэбжь хихакъым.

Курдхэм къащхьэщож

Курдистаным и Лэжьакіуэ партым и унафэщІ Оджалан Абдулла Тыркум и унафэщІхэр кьыхуриджащ курд лъэныкъым и Іуэхуэхэр мамыру зэфІэхьыным, абыхэм я хуитыныгъэхэр зэфІэгъэувжьыным хуэунэтІауэ и пщэ дилъхьэжауэ щыта кьалэнхэр нэсу игъэзэщІэну.

Парт унафэщІым и псалъэхэр къэрал къулыкъущІэхэм я деж нигъэжьащ абы и кьуэш Оджалан Мехмет. Абдулла Имралы хьтІыгум щыІэ тутнакъэщым исщ, игъащІэкІэ щысыну и суд ящІауэ зэрыщытам кьыхэкІыу.

Ильэс 55-рэ хьуауэ щыІэныкъуэкъу Іуэхум кІэ игьуэтын хуейуэ кьелытэ Оджалан. Къаугъэр зэтес щІыжыныр Іыхьищу зэщхьэщыхьауэ екІуэкІыну зэгурыІуауэ щытащ нэхьапэм. Ягъэ - курд зауэлІхэр Тыркум и щІыналъэм ирашыжьын хуейти, ар накъыгъэм щІадзауэ ягъэзащІэ. Абы кьыкІэльыкІуэн хуеящ тыркУ правительствэм зэхьуэкІыныгъэхэр иригъэкІуэкІыу курдхэм къэралым я увыпІэ щагъэуэтыжьныр. Ауэ аэр зэрамыгъэзащІэм мыарэзныгъэхэр кьешэ икІи зэпэщІэтыныгъэр абы нэхъри игъэтКІинжьыкІэ зэрыхуэнум егъэгуэвэ партым и унафэщІыр.

«Дэ кьыдэлъытар зэрыдгъэзащІэм хуэдэу, къэрал унафэщІхэми лъэбакъуэ пыухыкІахэр ячын хуейщ щытыкІэм фІыкІэ зихьуэжьным хуэунэтІауэ. Зы лъэныкъуэм фІэкІа Іуэхум яужь имытмэ, ар и пІэм икІынукъым», - жиІэ Оджалан Абдулла.

НОБЭ

♦1646 гъэм Къэзакъ атаман Пожарский Семёнрэ адыгэпщ Черкасский Муцалрэ зауэлІ мини 6 зыхэт я дзэр Нурадин-Джэрий и лагерым теурри, зэтракьутащ.
♦1833 гъэм Черепанов зэадзэжьхуэзу Ефимрэ Миронрэ Урысейм яп дыдэу мафІэгу щащІащ, гъущІ гъуэгуун километри 3,5-рэ щауохуащ.
♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкІэ щагъэуващ.
♦1833 гъэм Черепанов зэадзэжьхуэзу Ефимрэ Миронрэ Урысейм яп дыдэу мафІэгу щащІащ, икІи Цхинвал къалэм Іэщэкіэ еуащ. КъыкІэльыкІуэ махуэм УФ-м и дзэхэр а щІыналъэм иришащ, Осетие Ипщэм щыпсэу и щыхухэр ихьымэжьын икІи и мамырщІэкъуэ къарухэу а щІыпІэм щыІэхэм ядэІэпыкъун щхьэкІэ.
♦1803 гъэм урысей флотым и тхылдэм щыягъэу «Надежда», «Нева» кхъуафэжьейхэр дунейм и хъуреягъыр кьакІухьыну екъащ. Абыхэм я унафэщІт Крузенштернрэ Лисянскэмрэ. ЗекІуэ 1806 гъэм шыщхьэуІум и 19-м зэфІэкІащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык шІэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25- 27-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬ Марин.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Акъылыр жьыгъэ-щІагъэкъым.

Іэ Іэтым фыкъыхьэ!

Шыщхьэуіум и 9-м сыхьэт 18-м щыщІэдзауэ 20 хуэку Абхъазым и утым «Іуащхьэмахуэ папщІэ Іэ Іэт» фІэщыгъэм щІэту Іуэху щхьэпэ щекІуэкІынущ. Абы и къыздэгъэпэщакІуэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевиденэрщ.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, гьатхэпэ мазэм ирагъэжьа «Урысей-10» зэпеуэм и кьалэн нэхьыщхьэр ди къэралым и щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр, ухуэныгъэ хьэлэмэтхэр кьегъэщІыхынырщ, къэрал кІуэІ туризмэм зегъэужьынырщ, хамэ кьэрал кьикІыу зыгъэпсэхуакІуэ кьытхуэкІуэхэм я бжыгъэр гъэбзэгъуэныщ.

Нэхъыщхьэращи, Урысей Федерацэр щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэкІэ, щэнхабзэкІэ, тхыдэр кьызытещІыж ухуэныгъэхэмкІэ кьэралыгъуэ бейуэ зэрыщытыр хэІущІыІу ящу, и щІэр жьажьэ гъэІуныри, абы и дамыгъэщІэу пщы щІыхубэм кьыхегъэхьанраш.

Зэпеуэм и екІуэкІыкІэм теухуа хьыбар http://10russia.ru/rules Интернет хэщІапІэм кьыщыбгъуэтынущ. Іэ Іэтыр http://10russia.ru напэкІуэщІым щокІуэкІ. КьызэгъэпэщакІуэхэм я гуапэ хьунущ зэпеуэм хэтхэм я сурэт зэмылІэужьыгъуэхэр проектым и порталым щалъагъуну. Проектыр ягъэзащІэкІэрэ зэхуахьэса лэжьыгъэхэр Москва и щІыналъэм «Урысей» ядэ-р щахуэзэкІэ кьагъэсэбэпынущ.

КъБР-м ЦІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкіэ и министерствэ.

Мы сурэтыр 1829 гъэм Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ щыдэжІам щыгъуэ ящІащ.

Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр къемызэгъмэ...

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм ЖКХ-м и Іэнатіэхэм жылагъуэ кІэльыпІьныгьэмкІэ щиІэ щІыналъэ центрым псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм кьемызэгъыу хагъахьуэмэ фызэрыпсэльэн-ну телефон кьыщызэІуахащ. Ар теухуауэ ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэ процент 12-м щІигъуу цІыхухэм ятыр зыхуэдизыр кьэхутэным.

Фызэдэпсэльнур: Налшык къалэ, Къуэныкуейм и цІэр зезыхьэ уэрам, 2, КъБР-м и Жылагъуэ палатэ. Телефоныр: (8662) 72-07-94.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

2013 - 2020 гъэхэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхуэхэр лэжьыгъэкIэ кIыщIэзэгъэпэщыным зэрыщIэхэтынур» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал программэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м *№191-ПП*

ЦIыхуэхэм лжьыгъэ кIыхьэрыхуэлыхьхуэ щIыкIэр ирагъэфIэкIуэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Іэнатіэхэр зэрыщыгъэпсыбыдар кьагъэцIэбэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. «2013 - 2020 гъэхэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхуэхэр лжьыгъэкIэ кIыщIыгъэгъэпэщыным зэрыщIихэтынур» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал программэ кIыхалъхьар къэщтэн (аджкIэ - Программэ).

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм (КІэрэф М.А.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр илъэс зэкIэлыкIуэхэм тещIыхьауэ щIидзыхукIэ Программэр гъэзэщIэным хуэзэну мылькур кьыщилытэну.

3. Программэм хухах ахъшэр лжьыгъэмкIэ рынкоым щытыкIэм зэрыщыхьхуэжьмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым хэхъуэмкIэ и Іыхьэм кьыІэрыхьэну зытраухуамрэ елытауэ, илъэс къэс зэхуэгъэкIуэжьи хуейуэ гъэувын.

4. ЦIыхуэхэм лжьапIэ кьыхуагъуэтын папщIэ щхьэхуэу зэфIэгъэкIыпхьэхэм субсидиехэр зэрыхухах зэгурыІуэныгъэхэр Лъжьыгъэмрэ Іэнатіэ кьахуэлыхьхуэнымкIэ федеральнэ Іуэхущапіэм ирищIыпIэну икIи ахэр игъэзэщIыну Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIапIэу органым и уполномочениуэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЦIыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетыр гъэувын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
ХЬЭСАНЭ Руслан

2012 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа «Псы кьабзэ» республикэ программэ хэхам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м *№192-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

2012 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа «Псы кьабзэ» республикэ программэ хэхам, 2012 гъэм гьатхэпэм и 7-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №40-ПП-мкIэ кьащтам халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
ХЬЭСАНЭ Руслан

Сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм ямыIыжу кьэна сабийхэр, апхуэдэу сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм ямыIыжу кьэна сабийхэм ящыщхэр курыт профессионалыIэ, щIэныгъэ нэхъыщхъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапіэхэм щыхуагъэхъэзыр курсхэм зэрыщрагъаджэм текIуадэр зэрыхуатыжыну хабзэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м *№195-ПП*

«Сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм ямыIыжу кьэна сабийхэм социальнэ зэщIэгъэкъуэным и щхьэнтIэ щхьэхуэхэм я Іуэхукі»» 1996 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м кьыдэкIа Федеральнэ закон №159-ФЗ-мрэ «Сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм ямыIыжу кьэна сабийхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм социальнэ зэрыщыдаIыгъынымрэ и щхьэнтIэ щхьэхуэхэм я Іуэхукі»» 2012 гъэм мазаем и 1-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьыщащта Закон №2-РЗ-мрэ япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм ямыIыжу кьэна сабийхэр, апхуэдэу сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм ямыIыжу кьэна сабийхэм ящыщхэр курыт профессионалыIэ, щIэныгъэ нэхъыщхъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапіэхэм щыхуагъэхъэзыр курсхэм зэрыщрагъаджэм текIуадэр зэрыхуатыжыну хабзэм кьыхалъхьар къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Финансхэмкіэ и министерствэм (КІэрэф М.А.) хуэгъэувын сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм ямыIыжу кьэна сабийхэр, апхуэдэу сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм ямыIыжу кьэна сабийхэм ящыщхэр курыт профессионалыIэ, щIэныгъэ нэхъыщхъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапіэхэм щыхуагъэхъэзыр курсхэм зэрыщрагъаджэм текIуадэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыщыгъэлъэгъуа «ЕгъэджэнкIуэн» Іэнатіэм хухах бюджет ахъщэм и хьэкъкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм илъэс къэс иритыжыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Портэ Г.А.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
ХЬЭСАНЭ Руслан

2013 - 2020 гъэхэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыхуэхэм ягъуэтыну социальнэ дэIэпыкъуныгъэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал программэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м *№202-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

2013 - 2020 гъэхэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыхуэхэм ягъуэтыну социальнэ дэIэпыкъуныгъэм теухуауэ» кьыхалъхьа Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал программэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
ХЬЭСАНЭ Руслан

2013-2020 гъэхэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэз хозяйствэм зэрызыщижьынур» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал программэм и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм бадзэуэгъуэм 1-м *№207-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал программэкIэ зэрызэкIэлъаухь 18-из пунктым, 2013 гъэм мазаем и 7-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №74-рп-мкIэ кьащтам ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. 2013 - 2020 гъэхэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэз хозяйствэм зэрызыщижьынур» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал программэ кьыхалъхьар къэщтэн (аджкIэ - Программэ).

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм (КІэрэф М.А.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр илъэс зэкIэлыкIуэхэм тещIыхьауэ щIидзыхукIэ Программэр гъэзэщIэным хуэзэну мылькур кьыщилытэну.

Программэм хухах ахъшэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым хэхъуэмкIэ и Іыхьэм кьыІэрыхьэну зытраухуам елытауэ, илъэс къэс зэхуэгъэкIуэжьи хуейуэ гъэувын.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ М.М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
ХЬЭСАНЭ Руслан

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм фадэхэкIхэр розницэу щащэну зыщыхьиимыт цIыху зэхуэсыпIэхэмрэ шынагъуэ зыпылъ щIыпIэхэмрэ гъэбелджылыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м *№208-ПП*

«Этил спиртыр, фадэхэкIхэр, спирт зыхэт продукцэхэр зэрызэрагъэкIуэкIыр, фадэхэкIыу кьагъэсэбэпыр (ирафыр) гъэмэщIэнкIыр кьэралым зэрызэкIэлыгъакIуэм и Іуэхукі» 1995 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м кьащта Федеральнэ закон №171-ФЗ-м и 16-нэ статьям, «ФадэхэкIхэр розницэу зэращэр кьралым зэрызэхуигъакIуэм и Іуэхукі» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кьыдэкIа Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №125-РЗ-м, «ФадэхэкIхэр розницэу щащэну зыщыхьиимыт цIыху зэхуэсыпIэхэмрэ шынагъуэр зыпылъ щIыпIэхэмрэ Урысей Федерацэм и щIыналъхэм я кьэрал властхэм я органхэм зэрагъэбелджылым, апхуэдэу фадэхэкIхэр розницэу щащэну зыщыхуимыт языныкъуэ организацэхэм, объектхэм я хэщIапIэхэм кьапэщыта гъунапкъэхэр щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм зэрагъэбелджылым и Іуэхукі» 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыщта Унафэ №1425-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. 2013 гъэм мазаем и 28-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкIа Унафэ №63-ПП-мкIэ зэхуэгъэкIуауэ зэрагъэувам тету, зэхьыхь Іуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIын папщIэ цIыхуи 100 мы-нэхъ мащIэм хухах цIыпIэхэр фадэхэкIхэр розницэу щащэну зыхуимыт зэхуэсыпIэхэр кьэлытэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм цIыху куэд зыхэт Іуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкI эмэнымрэ фадэхэкIхэр розницэу ящэну хуит щамыщI пIалъэмрэ эхтехуэу гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм фадэхэкIхэр розницэу щащэну зыщыхуимыт шынагъуэ зыпылъ и щIыпIэу кьалытауэ дэщIыгъур къэщтэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
ХЬЭСАНЭ Руслан

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и сату реестрыр убзыхуным и Іуэхукі»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м *№193-ПП*

«Урысей Федерацэм сатум и лэжьыгъэр кьэралым зэрыщызэкIэлыгъакIуэ лъабжьэхэм я Іуэхукі» 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьыдэкIа Федеральнэ закон №381-ФЗ-мрэ «Сату реестрым и формэр, сату реестрыр зэрагъубзыху хабзэр, апхуэдэу сату реестрым щызэхуэхьса хьыбархэр зэрат щIыкIэр къэщтэным и Іуэхукі» 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м Урысей Федерацэм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм кьыдигъэкIа приказымрэ япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и сату реестрыр яубзыхун папщIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм сатум зэрызыщижьым теухуа хьыбархэр зэхуэгъэхьэсын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и сату реестрыр убзыхуным и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и уполномоченэзу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм (Пономаренкэ Р.Н.) мазэ пIалъэм кьриубыдэу кьыщтэн:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и сату реестрыр убзыхунымкIэ кьэрал пщэрыльхэр зэрагъэзэщIэну административнэ регламентыр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и сату реестрым хагъэхьэну хьыбархэр Іуэхущапіэхэм зэрат щIыкIэр.

5. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и сату реестрыр убзыхуным и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм щыта Унафэ №168-ПП-м кьару имыIэжу кьэлытэн «Официальная Кабардино-Балкария», №23, 2011 гъэ, мэкъуэгуэгъуэм и 10).

6. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев К.Хь.-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ХЬЭСАНЭ Руслан

Къэбэрдей-Балькъэрым и властхэм нпэIэкIэ жаIэурэ екIуэкIащ Іуащхьэмахуэ лъапэ турист-рекреацэ теплъэ зиIэ экономикэ щIыналъэ щхьэхуэм кьыщыІэзэгъэпэщыну зэрамурадыр. Иджы ар нахуапIэ хъуэ хуежьащ. Иджыблагъэ а щIыпIэм иджырей турист-кластерышхуэ щыІэтеухуэным хуэгъэзэуэ аргуэру зы гъэбакъуэ ячащ - экономикэ щIыналъэ щхьэхуэм щахуэуэну псэуалъэхэр зытращIыхьыну щIы Іыхьэхэр трагуэшащ. А Іыхьэхэр щыхухахащ Юсенги, Чегет, Азау щIыпIэхэм.

ЗЭМАН гъунэгъу дыдэм кадастр лэжьыгъэхэр ирагъэжьауэкIынущ, зэгъэсэу зэфIагъэкIыну Іуэхуэхэм яужь ихьэнущ, - кьыщыхоцхьэхуэкI республикэм и Іэтащхэм и сайтым.

Махуэм хуэзэу цIыху 29-рэ зэшIагъэпсэхуфыну «Іуащхьэмахуэ-Безенги» бгы лъагэ курортыр 2020 гъэм ирихьэлIэу яхуэн я гугъащ. Экономикэ щIыналъэ щхьэхуэр кьызэгъэпэщыным теухуа лэжьыгъэм щIыпIэ хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэ куэд хьихьэну хуагъэфащэ.

КъБР-м и Правительствэм и мурадщ лэжьыгъэм щIыпIэ бизнес мащIэмрэ курытымрэ хишэну икIи ахэр я щIэгъэкъуэну зыгъэпсэуфэкIуэ кьакIуэхэм ягу ирихьыну Іуэхутхьэбзэщ Іуащхьэмахуэ кьызэфIагъэувэну.

Апхуэдэу ар щэсыпIэу щытынущ бюджет зэмыIэужьыгъэм кьыхэкIыу туркластерым зегъэужьыным хухахыну ахъшэр федеральнэ, кьэрал зэхуэку бизнесхэм я фейдэ зыхъэлъэн я мызакъуэу, республикэм и экономикэр гъэбыдэнми зэрыхуэлэжьнымкIэ: Іэнатіэхэр нэхъыбэ хъунущ, щIыналъэм и цIыхуэхэм я псэукIэр efIэкIуэнущ. А псоми я щIыуэкIэ щIыналъэм и бюджетым налог нэхъыбэ Іэрыхьэнущ.

КъБР-м и Правительствэм и Къаныкъуэ Арсен нэхъапэм жиащ туркластер кьыІэзрыІэзрагъэпэщым республикэм кьрит Іэмащым хуэдэ «илъэс 50 кьэс зэ фIэкIа кьыІэзрыкьуэмыкIыр». Ар губзыгъэу кьэбгъэсэбэпын папщIэ Іуэхум бгъэдыкъэн хуейщ псори зэпэшэчауэ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ кIапсэрызекIуэ Іуэгуэм и ещанэ чэзур егупъуу щахуэу. Бгы-хэм лыжэкIэ кьыщыІэзжьихьэмрэ аныпинистхэмрэ щIыпIэм щыІэ дуней щытыкIэм зыхуагъэсэн папщIэ здэщыІэну хьэщIэщхэр хуэным теухуауэ инвесторхэм ипсалъэ. Іуащхьэмахуэ районым и мызакъуэу зи гугъу тщIы экономикэ щIыналъэ щхьэхуэм хуэдэхэр-Безенги-бгы-рекреацэ комплексым и щIыналъэм (Шэрэдж, Шэдджэм районхэм), «Джылы-Су» турист-рекреацэ комплексым (Джылыкъуэ районым) кьыщыІэзIуахьыну я мурадщ. Япэм псори зэхэту цIыху мин 15 зыщыпсэну хьэщIэщхэр зыхэт ибли зи кьэжьхьыныпIэхэр километри 170-рэ хъу бгы-лыжэ курорт, етIуанэм Нарзанхэм я Ауэзым хуэзэу бальнеологие курорт щауэну я гугъащ.

«Аргументы и факты - Кавказ Ищхъэрэ», №31, 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м

● Іуащхьэмахуэ лъапэ

Мурадхэр нахуэ мэхъу

● Аруан щIыналъэ

Япэ илъэс ныкъуэм кърикIуахэр

Япэ илъэс ныкъуэм зэфIагъэкIаХэм теухуауэ кьуажьэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр депутатхэм я пащхьэм кьыщыпсэльащ.

А ЗЭМАНЫМ кьриубыдэу Аруан кьуажэр псыкIэ кьыІэзрызэрагъэпэщыр efIэкIуащ: псы жапIэ бжьамийуэ метри 160-рэ яукъуэдиящ. Апхуэдэу уэрам зыбжанэм гъуэгуэзр щызэрагъэпэщыжащ. Республикэ, район программэхэм я фIыгъэкIэ Псыгуэнэсу кьуажэм уэрамхэр щрагъэфIэкIуащ, абыхэм дамыгъэхэр щагъэуващ. Иджы Жэрыкъуэмрэ Безыр зэкъуэщхэмрэ я цIэр зезыхьэ уэрамхэр ягъэнэху, ахэр ремонт ящIащ. Шэрдж Ищхьэрэм щыпсэухэр пэрыхьэту псы зэфэнкIэ кьызэгъэпэща хуэщ «Исток» ЖКХ ООО-м и фIыгъэкIэ. Абы кьыдэкIуэу а кьуажэ дыдэм бдзэжнэ зэгурыІуэныгъэхэр унагъуэ 204-м иращIылащ. Абы и фIыгъэкIэ мэкъумэш хозяйствэм зиужьынущ, цIыхухэм Іэнатіэ ягъуэтынущ. Республикэмрэ районымрэ я унафэщIэхэр кьадэIэпыкъуу икIи кьуажэдэсхэр я щIэгъэкъуэну Кьэхъун газ щыдащащ Комсомольскэ, Понэжым и цIэкIэ щыІэ уэрамхэм. Щ1алэгъуэлэм хуабжьу я гуапэ хьуащ мыбы физкультурэ-зэныншагъэ щызэфIагъэувэ комплекс зэрыщащIари.

Сессиехэм кьыщыхэгъэщхьэхуащ хуит ямыщIа щыпIэхэм кIэрыкубжьэрыхухэр зэрыщракIутыр кьызэремызэгъыр, ахэр щыпIэ пыухыкIахэм щэным и Іуэхур зэтеублэн зэрыхуейр.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсият.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и властхэм нпэIэкIэ жаIэурэ екIуэкIащ Іуащхьэмахуэ лъапэ турист-рекреацэ теплъэ зиIэ экономикэ щIыналъэ щхьэхуэм кьыщыІэзэгъэпэщыну зэрамурадыр. Иджы ар нахуапIэ хъуэ хуежьащ. Иджыблагъэ а щIыпIэм иджырей турист-кластерышхуэ щыІэтеухуэным хуэгъэзэуэ аргуэру зы гъэбакъуэ ячащ - экономикэ щIыналъэ щхьэхуэм щахуэуэну псэуалъэхэр зытращIыхьыну щIы Іыхьэхэр трагуэшащ. А Іыхьэхэр щыхухахащ Юсенги, Чегет, Азау щIыпIэхэм.

● Пресс-конференц

Пенсэм хохъуэ

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щIыпIэ щеІуэкIа пресс-конференцыр дяпэкIэ пенсэр кьыІэрабжьну Іэмалыщ Іэхэм теухуауэ щытащ. Иджырей проектыщIэм ипэжыпIэкIэ щыхуэм къилэжьа, хуэфащэ пенсэ кьыІэрыхьэныр зэтриухуэну щогугъ. Абы и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм, гу зылъытапхьэхэм журналистхэр щыгъуазэ ищIащ УФ-м и Пенсэ фондым КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Бэлэтокуэ Владимир.

КъЭКIУЭНУМ пенсэр зэрагъэувыну щIыкIэм теухуа Іуэху бгъэдыхьэкIэщIэм 2015 гъэм щIышлэм и 1-м кьару игъуэтынущ. Мы зэманым зи ныбжь нэсам и лэжьыгъэ пенсэр кьапщтэмэ, псом япэу ар елытащ цIыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьыІэзэгъэпэщым лэжьакIуэм щхьэщитыкI страховой взносым, ауэ щыкIуэки лэжьыгъэ стажыр зыхуэдизым зыкIи емыпхуэу. Ар кьеэзгъкым экономикэ и ІыныныкъуэкIэ жьыджэр, лэжьыгъэкIэ гъэнщIа гъащIэ кIыхьым хуэхьэзыр я дежкIэ. Сыту жыIпIэмэ, илъэс зыбжанэ фIэкIа мылэжьами, стажыкъуэ зиIэми хуагъэувэ пенсэр зэхуэдэщи. Абы и ІыныныкъуэкIэ, курыт хэхъуэ зиIэхэм пенсэ тэмэм хуагъэувыныжькIэ формулэщIэм Іэмал нэхъыбэ кьытынущ. Ауэ, пенсэм щыкIуэну ныбжьым хагъэхьуэнукъым, я ахъшэр псэун папщIэ нэхъ мащIэу зыхуеннум иIэ хьунукъым, иджырей пенсионерхэм я хуитныгъэхэр зэрыщыту кьахуэнэжьнущ, кьаІэрыхьэми хэщIынукъым.

ФормулэщIэм щыхуэм и илъэс пэжыгъэр кьэзыльыдэ: Іэнатіэ зэрагъэувыну щIыкIэм и Іуэхуэ Іуэху бгъэдыхьэкIэщIэм 2015 гъэм щIышлэм и 1-м кьару игъуэтынущ. Мы зэманым зи ныбжь нэсам и лэжьыгъэ пенсэр кьапщтэмэ, псом япэу ар елытащ цIыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьыІэзэгъэпэщым лэжьакIуэм щхьэщитыкI страховой взносым, ауэ щыкIуэки лэжьыгъэ стажыр зыхуэдизым зыкIи емыпхуэу. Ар кьеэзгъкым экономикэ и ІыныныкъуэкIэ жьыджэр, лэжьыгъэкIэ гъэнщIа гъащIэ кIыхьым хуэхьэзыр я дежкIэ. Сыту жыIпIэмэ, илъэс зыбжанэ фIэкIа мылэжьами, стажыкъуэ зиIэми хуагъэувэ пенсэр зэхуэдизым зыкIи емыпхуэу. Ар зыхуэдизынур кьэралым и Правительствэм и нубзыхуным. Нэхьапэми хуэдэу, лэжьыгъэ стажым хохьэ армэм кьулыкъу щыщIэныр, абыхэм бгъэдэсынущ.

Иджырей формулэмкIэ пенсэ кьабжьын папщIэ илъэситху стаж кьащтэмэ, 2025 гъэм щыщIэдзауэ ар илъэс 15-м нагъэсынущ (илъэси 10-м кьрипбыдэу илъэс кьэс зы илъэс щIагъуурэ). Нэхь гурыІуэгъуэу жьытIэнщи, уи улахуэр нэхъыбэху, стажыр нэхъ кIыхьыху, зи ныбжьыр нэсам хуагъэувыну лэжьыгъэ пенсэр нэхъ льагэнущ. Езым и фIэфIныгъэкIэ пенсэ кIуэгъэуэр, и ныбжь нэсауэ и пенсэр хуагъэувынир, зыгъэпэхуэн, псалъэм папщIэ илъэсищIкIэ, абы и пенсэм зэхъуэнущ. НыкъуэкъуэгъэкIэ, зыпыр зэрафIэкIуэдамкIэ пенсэ гъэувыкIэр зэрыщыту кьонэж.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, илъэс бжыгъэкIэ уэрылъэжкIэ кьащтэр подходэнэ ныкъуэдизынур кьэпльытэнымкIэ Іэмал кьощытщ пенсэ калькуляторыр. Нэхъыщхьэрэщи, хабзэщIэрэ иджыпсту лажьэ пенсэ формулэмрэ тещIыхьауэ дяпэкIэ я пенсэр зыхуэдизынур зэрагъэпщэфынущ. Пенсэ калькуляторыр Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмрэ и министерствэм и **www.rosmintrud.ru** УФ-м и Пенсэ фондым и **www.-pfrf.ru** веб-сайтхэм кьыщыгъэльэгъущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Тэрч щIыналъэ

Паркыр ягъэдахэ

Тэрч кьалэ и зыгъэпсэхупIэ паркым и теплъэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэпыуркым.

КЪАПЩГЪЭМЭ, иджыпсту кьалэдэхэм я нэхъ кIуапIэр паркым и гулъпщхуэраци, мы гъэм абы ремонт лэжьыгъэ щхьэхуэхэр иращIылIащ икIи щIэх-щIэхыуэр и Іьащ1эр ягъэкIабэ. «Псыр кьэзыт Іудзапіэр зэрызэрагъэпэщыжрэ Іуэхур куэдкIэ нэхъ тынш хьуащ», - жаIэ Іэщ1агъэлIхэм. Гъатхэ дыгъэрытехьэрэ паркыр кIуэцIым и жыгхэмрэ уэд гъэтIахэмрэ лIэужьыгъуэ куэд кьахэхьуащ. КьыхэгъэщIапхъщ, Тэрч район администрацэм и унафэкIэ мы илъэсым Тэрч кьалэм и Іупльапіэхэмрэ паркымрэ уэд гъэгъа зэмылIужьыжьыгъуэ куэд дыдэ зэрыхасар. Жэщ-махуэ зэмылIэу, «ЗыгъэпсэхупIэ парк» муниципальнэ Іэнатіэм и лэжьакIуэхэр абыхэм кIэльпопль. Езым я транспорт зэрагъэжьар сэбэпшхуэ мэхъу, парккIуэцIыр сыт щыгъуэ кьаІэзэу щыгъэнынкIи, жыг хэгъуэкIахэмрэ абы щыпаупщI удэхэмрэ кьишыныжьмкIи.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Къэрал Іуэхущапіэхэм

Приставхэр кьыфпоплъэ

СУД приставхэм я Федеральнэ кьулыкъущапіэм и Къэбэрдей-Балькъэр управленэм и кьудамэ псомиз дыдэрыт щыщхьэзIум и 13-м «Бжэ зэIуахэхэр» зыфIаца Іуэхугъуэр щрагъэкIуэкIынущ. Ар тещIыхьащ хэгъэзыхь хэмыльу щыІэхэм зэрыщыгъэпсэхуным и щIэныгъэ. Ар тещIыхьащ хэгъэзыхь хэмыльу щыІэхэм зэрыщыгъэпсэхуным и щIэныгъэ. Ар тещIыхьащ хэгъэзыхь хэмыльу щыІэхэм зэрыщыгъэпсэхуным и щIэныгъэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм илъэс кьэс иритыжыну.

Акцэм и пэ кьихуэу, щIыхуэу зытелъхьэм я нэхьыбэр куэд щрагъэ Іэзэ щIакIуэхэм я деж телефонкIэ иригъаблэгъэнущ. Пщэдджьыжьым сыхьэти 8-м кьыщыщIэдзауэ сыхьэт 19 пщIондэ суд приставхэм гъэзэщIакIуэхэр я лэжьапIэ Іэнатіэхэм абыхэм ящыщ пэплъэнущ.

АЛЪТУД Фатіммэ.

● Тхыльыщіэ



Иджыблагъэ хеттолог цIэрыІуэ, ЩIДАА-м и академик Чурей Алий Истамбыл тхыльыщIэ кьыщыдигъэкIащ. Ар теухуащ Тыркум и Анадолэ ныхъэм щыпсэу адыгэхэм.

● Узынщагъэ

Губгъуэ жыхапхъэр ягъэкIуэд

Губгъуэжьыхапхъэр (амброзиер) къэгъэгъэным къэнэжа щагъуэ щыІэкъым. Цыхуэ куэд зыгъэщIэжьагъэ а уэд лIэужьыгъуэм япэ гъэгъахэр кьыщыпдзэ хабзэр щыщIэуІуэм и 17-20-м ирикьэлIэуащ.

НАЛIШЫК кьалэ администрацэм лэжьыгъэщхэу мы гъэм ирегъэйуэ а уэд Іэжьужьыр гъэкIуэдыныкIэ теухуауэ. Амброзием ебэныныкIэ комиссэм и Іэтащхэ Мокаев Сергей кьызэрыджаIамкIэ, зэрубгъэкъуэм тету Іуэхур кьраькъэлIэ. КьадэIэпыкъуну уэрэд цIыхуэхэр хэту кьызэрагъэпэща бригадэ щхьэхуэхэр жьыджэру мэлажьэ. Абыхэм фэгъэр зэтетхэм я бжэIупхэр, кьалэщIыб щIы Іэнэщ1эр щIапщыткIы. Псом нэхъ гугъур мы зы лъэхъэнэкIэ дыгъэри уэшхри и чэзум хьарзынэу зыгъуэта удзыжьыбэр зэрыбзэгъурщ.

Губгъуэжьыхапхъэмебэнэм кьахуэващ хьэрычэтыщIэхэр, етъащIакIуэхэр, медицинэм и лэжьакIуэхэр. Удзым химие препаратхэмкIэ ІолэжьI. «Дауэ хьуми кьэзгъэгъуэм нэмыкъ ахэр зэщIэкъуэным зэфIэкI псори етхьэлIэнущ, - жиІащ Мокаевым.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Адыгэ (къэбэрдей) дзэпщхэр

Курыт лЭщІыгъуэхэм кьыщыщІэдзауэ дуней псом цІэрыІуэ щыхьуауэ щытащ адыгэхэм я шуудзэр. Урыс офицер Торнау Федор (лъэпкьклІэ нэмыцэщ) 1864 гъэм итхыгъащ: «Венгрхэм я шуудзэм пэхъун щымыІэущ иджыри кьэс зэралытэр, адыгэ шуудзэр абы куэдкІэ йофІэкІ. Зы шэрджэс шур кьрым хъаным и дзэм - шу тІощІым - ятокІуэ» *(«Кавказ офицерым и гукъэкІыжхэр»)*. Адыгэ шуудзэм хуэзфІэкІыр зи нэгу щІэкІа дзэпщ гуэрым итхыгъащ: «Адыгэ шур биймебгъэрыкІуамэ, асльэныр Іэщ хьушэм хэльэда хуэдэщ».

Апхуэдэ шуудзэ дэшэс зэпытащ адыгэ дзэпщым. Генерал Бларамберг Иоганн 1834 гъэм итхыгъащ, зауэ кьалыкъуэкІмэ, кьэбэрдейхэм шу мин 30 ягъэшэсыфу зэрыщытар. Льэсыдзэуи абы нэхьрэ мынэхьмащІэ ядежьэрт кьэбэрдей шуудзэм. А псом пашэ хуащІыр лІыгъэрэ хахуагъэкІэ цІэрыІуэ хъуауэ, хэкум и щІыхьыр дзыхь зрагъэз дзэпщхэрт.

Къэбэрдейм и тхыдэм щымащІэкьым апхуэдэ дзэпщхэр - ди льахэм и хуитныгъэм папщІэ си псэм емыблэжа шу пашэ щэджащэхэр.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.



Инал Нэху

Идар Темрыкъуэ

Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие), урыс пащтыхь гуащэр

Инал Нэху

АДЫГЭ тхыдэми ІуэрыІуатэми щыцІэрыІуэщ Инал. ЩІэныгъэлІхэм зэратхымкІэ, ар Мысырым пащтыхь щыхъуауэ щыта адыгэ мамлюкхэм ящыщц, Мысырым 1453 - 1461 гъэхэм щыпащтыхьащ, хэкум кьигъэзэжа нэужь, адыгэ лъэпкъхэр зэгуигъэхьэн, зы кьэралыгъуэ иухуэн хуэзфІэкІащ.

Нэгумэ Шорэ зэритхымкІэ, Инал Абхъазым щылІащ, абы и кхъащхьэм абхъазхэр «Инал кьубэ» кІэ («Инал и кхъащхьэ») иджыри кьэс йоджэ.

«Инал лІа нэужь, - етх Нэгумэ Шорэ, - цІыхухэм ядакъым абы и кьуэхэм едэІуэн. Хэкум и упщІэр зэрыпэрахьэн акъыдрэ фІэлІыкІрэ ябгъэдэлъакъым абыхэм. Аркъудейми къыщынакъым: я пагагъымрэ я хьэл мыхъумыщІэмрэ цІыхухэм яхуэмышэчыж хъуащ, езырезыру зэныкъуэкъужу щІадзащ, Инал зэтриубла ІуэхуфІхэр якъуэтэжри, нэхъыщІэр нэхъыжьым емыдэІуэж хъуащ».

Инал пщыпхуэм и мурадыр абы и кьуэхэм кьагурыІуакъым - зэщыхьэжри я щІыб зэхуагъэзэжащ. Абы кьыдэкІуащ адыгэхэм и ужькІэ кьатепсыха насыпыншагъэ псори.

Инал и щІэблэщ кьэбэрдейхэм, беслъэнейхэм, кІэмыргуейхэм, бжьэдыгъухэм, жанейхэм, хьэтыкъуейхэм, натхъуэджэхэм я пщы лАкъуэхэр. Осетин усакІуэшхуэ Хетагуров Коста и лъэпкъри, езым зэритхымкІэ, Инал и кьуэхэм ящыщ зым (Хьэтагъ) кьытехьукІащ.

Инал и цІэр зэрехьэ Іуащхьэмахуэрэ Балъкъ псыщхьэрэ я зэхуаку дэт бгы лъагэм.

Беслъэн ПцІапщІэ

ИНАЛ и кьуэрылъху Жанхъуэт и кьуэщ, щыпсэуар XVI лЭщІыгъуэм и кІэухырыщ, XVI лЭщІыгъуэм и япэ Іыхьэ пІанэм хуоэз. Пщы уэлий уэ щытащ. ЗэрылІышхуэм щхьэкІэ «ПцІапщІэ» дзыр теІукІащ. Тэрч и хэхуэжьпІэм дзэ ишэурэ, Къэбэрдеим и гъунапкъэхэм зригъэубгъуащ, и дзэр Астрахьани Дербенти щынишэс кьэхъуащ - абыхэм я лъахэр нубыдын папщІэ. Къэбэрдейм кьихьэ сатуущІэ гъуэгухэр шынагъуэншэ хъуауэ щытащ абы иужькІэ.

Лъэпкъыр арэзы зытехъуа хабзэ куэд зэтриублащ, ахэр Къэбэрдейм дежкІэ конституцэ пэльытэ хъуащ.

Щолэхъу

ТАЛЪОСТЭНХЭ я лъэпкъым щыщщ, Къэбэрдейм и пщІэр лъагэ зэрыхъуным щІэкъу зэпытащ, хэкум и хуитныгъэм щІэзэуащ, Идар Къамбулэтэрэ Кьетыкъуэ Асльэнбэчрэ дунейм екьжа нэужь, Къэбэрдейм и пщыпхуэ (пщы уэлий) хъуащ. Урыс пащтыхьым гъунэгъу зэрыхъуэхъуным хущІэкъуащ - ар кьехъулІауэ плъытэ хъунущ, и ІуэхущІафэм тепщІыхьмэ. И лІыгъэм, и зекІуэхэм папщІэ Щолэхъу «пщы щэджащэ» цІэр теІукІащ. «Щолэхъу»-кІэ зэджэ шы лъэпкъыр зи Іэужьыр а пщы цІэрыІуэрщ. Адыгэхэми гъунэгъу лъэпкъхэми я тхыдэми я ІуэрыІуатэми щыгъунэжщ пщы щэджащэ Щолэхъу и хъыбархэр. Пасэрей адыгэ уэрэдхэм ящыщ зым мыпхуэдэ сатырхэм ущрохьэлІэ:

Щэджащэуэ ди Щолэхъужь,
Пщыуэ хъуам уранэхъ хахуэт,
ХахуэкІэ ди джатэрыжэ,
Жэрыбэр уэрхъым езыт,
Зи тыгъэм щІэмыфыгъуж,
Щэджащуэ ди Щолэхъужь!

Джатэрэ лІыгъэкІэ Щолэхъу Къэбэрдейм кьыхуихьа пщІэмрэ фІэлІыкІымрэ хуэдиз ди хакум зэи иЭжакъым абы иужькІэ.

Щолэхъу 1616 гъэм дунейм екьжащ.

Идар

ИНАРМЭС и кьуэщ, Инал и кьуэм и кьуэрылъхъущ. Хьыбархэм кьыхэрыхэщымкІэ, Идар и анэр бжьэдыгъу гуащэщ - Хъымыщ Елджэр ипхъущ. Идар и адэр щылІэм, сабийр здихьыжри, гуащэр Бжьэдыгъум кІуэжащ - и дыщым. Абы кьыщыхъуащ Идар. Балигъ хъуа нэужь, Идар къэбэрдеипщхэм кьеныкъуэкъу хъуащ. КІахэ адыгэхэм щыщ дзэ кьриншажьэри, Къэбэрдейм кьытеуащ - Жанхъуэтхэрэ Минбулэтхэрэ къезэуащ. ДзитІыр Кьызбрун дж щызэгурыІуэжащ, Идар Къэбэрдейм и кум щІы щратащ (абы ИдарейкІэ еджэ хъуащ), пщы нэхъыжьи ящІащ.

Идар лІа нэужь (XVI лЭщІыгъуэм и 30 гъэхэм) абы и щІэблэмрэ Жанхъуэтхэрэ (Кьетыкъуэхэ, Талъостэнхэ) зэщыІеижащ, Къэбэрдейм щытепщэн хуейр яхуэзэмыгъэкІыу.

Идарейм куэд ирагъэкІуакъым: епщыкІубланэ лЭщІыгъуэм и кІэухым нэсщ; абы иужькІэ адрей пщы лАкъуэхэм зэхуагуэшыжащ Идарей щІыналъэр.

Темрыкъуэ

ТЕМРЫКЪУЭКІЭ еджэ хъуауэ къэгъуэгурыкІуэ щхьэкІэ, и цІэ дыдэр КІэмыргуокъуэщ (КІэмыргуейм и къуэ). Сабийуэ и анэм и дыщым (КІэмыргуейм) здишэжати, арагъэнущ абы и цІэр кьыщыхэкІар.

Урысейр здигъэІэпыкъуурэ, Къэбэрдейр зэгуигъэхьэным, абы тепщэ щыхъуным щІэныкъуэкъащ, ауэ ар кьехъулІакъым - пщыхэм я нэхьыбэр акъыдэгъу кьыдэхъуакъым, Урысейм и Іэмыщ Іэ зраль хьэн мурад яІэтэкъым.

Урысейр здигъэІэпыкъуурэ, Къэбэрдейр зэгуигъэхьэным, абы тепщэ щыхъуным щІэныкъуэкъащ, ауэ ар кьехъулІакъым - пщыхэм я нэхьыбэр акъыдэгъу кьыдэхъуакъым, Урысейм и Іэмыщ Іэ зраль хьэн мурад яІэтэкъым.

Къэбэрдейм кьытеуэрей къым хъаныр Нэгъуей ЦІыкІумрэ хэкур зэращихъымэным яужь итащ. Жагъуэгъу кьыхуэхъуа кьэбэрдеипщхэм еэзуащ, урысыдзэр здигъэІэпыкъуурэ. Бий мэхъаджэ кьащытеуэм, Темрыкъуэ бесльэнейхэмрэ абазэхэмрэ гъуэз кьыхуэхъуащ. Темрыкъуэ и жэрдэмкІэ, кьэбэрдейхэм быдапІэ щаухуащ Сунжэ псыр Тэрч щыхэхуэм деж (иджырей Грозный кьаlandэм пэмыжьжьэу).

Кьрым хъаным и дзэр 1571 гъэм кІахэ адыгэхэм кьащытеуам щытгъуэ, дзэ иришажьэри, ди лъэпкъгъуэхэм ядэІэпыкъуащ. ДзитІыр Ахупс деж щызэзэуащ, хъаным и дзэр абдеж щызэхакъутащ. А зауэм уІэгъэ хьэлъэ щыхъуащ Темрыкъуэ, уІэгъэм 1571 гъэм иЛыкІащ, и къуитІ (Мамсырыкъуэрэ Думэныкъуэрэ) гъэр хъуащ.

Идар Темрыкъуэ и щІэблэм кьатехъукІащ Урысейм и тхыдэм щыцІэрыІуэ Черкасскэхэ я лъэпкъыр.

Темрыкъуэ мыпхуэдэ уэрэд хуаусыгъащ:

Хуарэжь гущэм и дзэпкъыр
къуапэти,
Мазиблкіэ уанэ темыхт.
Къэбэрдейм ди зэхэзекІуэри
Щэджащэкіэ Темрыкъуэ
лІыхъут.
Мыдэкіэ Хъуэхъужьым и
шащхьэр
УэсыщІэу зытезыгъасэ,
Сэрэкъамышым къыхэкІа шур
Шэ закъуэкІэ тхуезыдых,
Ахупс аузыр мэз куукІэ
къытхуэзыгъэнщІ...

Мамсырыкъуэ

ТЕМРЫКЪУЭ и кьуэ нэхъыжьщ. Мэзкуу кІуауэ, 1565 гъэм, урыс пащтыхьым елъэІуауэ щытащ Къэбэрдейм кьыдигъэІэпыкъун щхьэкІэ. Кьрым хъаным и дзэм Ахупс деж къэбэрдейхэр щезэуам абыхэм яхэтащ Темрыкъуэ абы и кьуитІри - Мамсырыкъуэрэ Думэныкъуэрэ тэтэрхэм гъэр ящІащ (иужькІэ къащэхуащ). 1583 гъэм Мамсырыкъуэ и щухэмрэ кьэзакъэмрэ Дербент кьыблэкІа тырхудзэр зэхакъутащ.

Мамсырыкъуэ здагъэІэпыкъуурэ, урыс дзэпщхэм зыпащІащ Дагъыстэным, Куржым, бгырыс лъэпкъхэм я лІыщхьэхэм.

Кьетыкъуэ Асльэнбэч дунейм екьжа нэужь, Къэбэрдейм и пщы нэхъыжь ІэнатІэм щІэкъуащ, ауэ ар кьылъагъэсакъым - пщы нэхъыжь хъуар Щолэхъу Тепсэрыкъуэщ.

1601 гъэм ПщыІэпщокъуэ Кьазий Мамсырыкъуэ абы и кьуэш Думэныкъуэ иригъэкІащ.

Мэзкуу и уэрамхэм ящыщ зым илъэс щиплІым щІигъуауэ зэрехьэ Мамсырыкъуэ и цІэр - Мастрюковская.

Джылахъстэн Адэлджэрий

ДЖЫЛАХЪСТЭНХЭ я лъэпкъым щыщ Тэтэрхэн и кьуэ нэхъыжьщ. Дарьял псыхъэр Іэщ Іэльащ, абы дэкІ гъэгуэм щызекІуэхэм тепльэкъуКІакъым. Бгырысхэм я деж пщІэшхуэ щиІащ, абыхэм Іуэхутхьэбзэ мащІэ яхуищІакъым.

Адэлджэрий и шыпхъур, Русудан, куржы пащтыхь Вахтанг Еханым и щхьэгъусащ. Русудан и бынхэр цІэрыІуэ щыхъущ Куржым Урысейми, абыхэм дзэпщ льэрызехьэхэр кьахэкІащ. Адэлджэрий шуудзэ игъэшэсурэ Куржым кьэдгъэ дэІэпыкъуащ, зэрыпхъуакІуэхэм ящихьумащ.

1752 гъэм Джылахъстэн Адэлджэрий шу минрэ щитхурэ Куржым иришауэ щытащ, ар бийхэм ящихьумэн папщІэ. Джылахъстэней дзэпщым апхуэдэ Іуэхутхьэбзэ кьаэзэрыхуиущІар куржыхэм ноби ящыгъупщэрхьым. А гъэращ езыри дунейм щехьжар.

Жанхъуэт Талъостэн

ЩЫПСЭУАР XV лЭщІыгъуэм и кІэмрэ XVI лЭщІыгъуэм и япэ Іыхьэ щанэращ. Талъостэнейр кьызэзыгъэпэщар еращ, абы ІэщІэльащ Дарьял псыхъуэмрэ Тэрч псым и ІуфитІымрэ.

Талъостэн Инал и кьуэрылъхъум и кьуэщ. Бахъшысэрей зекІуэм щыгъуэ (1523 гъэм) Кьэбэрдейм и дзэм пашэ яхуэхъуар Талъостэнщ. Керчь тІуалэм зэпрыкІри, зауэурэ Бахъшысэрей нэсащ, къэбэрдейхэм я дзэр, кьрым хъаным и кьалащхьэр кьаувыхьащ. НэгъуэщІ кьыхуэнэжатэкъым, дзэм яхуэхъу фІыгъуэ кьариращ хъаным - арыншамэ, я щхьэр храгъэлъхьэнут, езыри яІэщІэукІэнут.

Талъостэн Кьызбрун зауэм хэкІуэдащ - Инармэс Идаррэ Жанхъуэтхэрэ щызэзэуам щыгъуэ.

Жамырзэ Алъхъэс

ДЖЫЛАХЪСТЭНХЭ я лъэпкъым щыщщ, а лъэпкъыр кьызытехъукІа Минболэт Джылахъстэн и кьуэрылъхъущ, лАкъуэлІэш лъэрызехьэ дыдэхэм хабжэ, Астрахьанрэ Куржымрэ зэпызыщІэ гъуэгум щытепщэ зэпытащ. И шыпхъур Кахетием и пащтыхь Александр и щхьэгъусащ, абы и хьэтыркІэ Куржым пщІэшхуэ щиІащ, куржы лЫкІуэхэр Урысейм щыкІуэкІи урыс лЫкІуэхэр Куржым щыкІуэкІи ядэІэпыкъущ, и нэІэ ятригъэт зэпытащ. Дзыхь нэхъ зригъэзыр Ираныратаи, абы и шахыр малъхъэ ищІауэ щытащ. Жамырзэ Алъхъэс хэмытауэ зы Іуэхушхуи щызэфІахакъым а зэманым Кавказ Ищхьэрэм - апхуэдэ фІэлІыкІ иІащ а пщым.

Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ

ЩОДЖЭНЫКЪУЭ Алыджыкъуэ XVII лЭщІыгъуэм и япэ Іыхьэм Къэбэрдейм бжьыпэр щызыІыгъа пщыхэм ящыщц. И адэ кьуэшыр, Къазий, дунейм екьжа нэужь, Алыджыкъуэ зэпкъ унафэр илъэс плЫщІкІэ Іэщ Іэльащ.

ПщІэ щІыхуащІын ІуэхуфІ куэд яхуиахэжьащ къэбэрдейхэм, абы щыхьэт тохъуэ тхыдэри ІуэрыІуатэри. Кьрым хъаным шу миниц къІрихри, и адэ кьуэшым иль ищІэжьыку етІысэхакъым - ар Тепсэрыкъуэ Щолэхъуэрэ нэгъуейхэмрэ Кьулъкъужьи зауэм щаукІауэ щытащ. Куэд щІауэ Къэбэрдейм кьыхуэдэлашхэ Нэгъуеишхуэм ди лъахэр щихъуэжи хуэзфІэкІащ.

Нэгъуеишхуэр Индылъ адрыщІ Іэпхъуэ нэужь, Алыджыкъуэ и пщІэр нэхъри лъагэ щыхъуащ Къэбэрдейм. Индыл адрыщІ щиІэгъакъым нэгъуейхэр, ягу техуакъым кьэбэрдейхэр Кавказ Ищхьэрэм тепщэ зэрыщыхъуар. Ар зигу темыхуэ адыгэщхэри мащІэтэкъым - ахэр Алыджыкъуэ кьебгъэрыкІуащ. КьебгъэрыкІуа щхьэкІэ фІы щІахакъым: Алыджыкъуэ ахэр Балъкъ псыхъуэ щызэхикъутащ. Абы иужькІэ Алыджыкъуэ тегушхуэгъуафІэ ящІыжакъым.

ПщыІэпщокъуэ

XVI лЭЩІЫГЪУЭМ и кум щегъэжьауэ Идархэ я лъэпкъым еныкъуэкъу зэпытащ, Къэбэрдейм бжьыпэр щиубыдын мурад ищІауэ. Идар Темрыкъуэ хэкум ирихун хуэзфІэкІащ - 1563 гъэм. Темрыкъуэ Астрахьан зыщигъэпщкІуащ. Урыс пащтыхьыр (Грозный Иван) и щыкъу адэм кьыдэІэпыкъуащ - фочуэ 500-рэ къэзакъ шу 500-рэ кьритащ. Ар кьигъэсэбэпри, Темрыкъуэ ПщыІэпщокъуэебгъэрыкІуащ. ПщыІэпщокъуэ икІуэтакъым, зыхэщІиуээдащ, дзэпхуэ игъэшэсри, Идарйр зэтрикъутащ.

Идар Темрыкъуэ и лъэІукІэ урысхэм быдапІэ Къэбэрдейм кьращІыхьащ. Ар игу техуакъым ПщыІэпщокъуэ, тырку султІанри кьрым хъанри арэзытэкъым абыкІэ. Ахэр здигъэІэпыкъури, ПщыІэпщокъуэ урыс быдапІэр икъутащ. Темрыкъуэ дунейм екьжа нэужь, ПщыІэпщокъуэ Къэбэрдейм бжьыпэр щиубыдащ.

Къазий

ЗИ ПЩІЭР лъагэ дыдэ пщыуэ щытащ. ПщыІэпщокъуэ и къуэщ. Ар хэмытауэ е хэмыІэбауэ Къэбэрдейм зы Іуэхуи кьыщыхъукъым. И адэр лІа нэужь, Идархэ я лъэпкъым енькъуэкъу пщыхэм я пашэ хъуащ. Темрыкъуэ и кьуэхэр, Мамсырыкъуэрэ Думэныкъуэрэ, езыгъэукІар аращ - 1600, 1601 гъэхэм. Идархэ ялъ зэращІэжьнымэ шэч кьытрихьэртэкъыми, Беслъэнейм Іэпхъуэри, абы ильэсищкІэ щыпсэуащ. Къэбэрдейм кьиргъэзэжа нэужь, Идархэ екІужащ. Пуэ пащтыхьым дзей зыхуищІауэ игъэІуа щхьэкІэ, Къэбэрдейм и Іуэхум псэуху зы хамі кьыхигъэІэбакъым. Тепсэрыкъуэ Щолэхъуэрэ Нэгъуеишхуэм я хьанымрэ кьращІыльІа зауэм (Кьулъкъужьи зауэм) 1615 гъэм хэкІуэдащ.

Къазий и цІэр зэрехьэ Балъкъыщхьэ узыщрихьэлІэ хъупІэ лъагэм, ар пщым еІуэ щытащ, аращ и цІэр щІытеІукІар.

Сэнджэлей

КЪАНКЪЫЛЫШ Сэнджэлей и кьуэ нэхъыщІэщ. 1642 гъэм Мэзкуу Іэпхъуэри, урысей лІыщхьэхэм ящыщ хъуащ, кьулыкъышхуэ куэд зыхъ хуащІащ, бояриН цІэр кьыфІапщащ. Урысей пащтыхьыр щежьэм деж кьэрал унафэр кьызыхуигъанэр Сэнджэлей. Черкасский Григорий - апхуэдэцІэкІэщ урысей тхыдэм кьызэрыхэнар. Къэбэрдейм иришри фочышІэ зыбжанэ Мэзкуу дигъэтІысхащ, урыс щІалахэр а ІэщІагъэм хуриІэджэн щхьэкІэ.

Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ яку дэтащ Сэнджэлей, а къэралхэр зэрызэгурыІуэным, зэрызэдэлажьэным щІэкъу зэпытащ.

Сэнджэлей и адэмрэ и кьуэшхэмрэ (Щолэхъу, Муцал), и кьуэшым и кьуэ Кьасбулэт сымэ Идарейм щыпсэуащ - Тэрч псым и Іуфэм.

Астрахьанрэ Царицынрэ я воеводэ (Іэтащхьэ) кьулыкъур зэрихьащ.

Къанкъылыш Сэнджэлей

ИДАР Темрыкъуэ и шынэхъыщІэ Жылэгъут и кьуэрылъхущ. Каспий тенджыз Іуфэм Іут Тэрч кьалэ дэсащ, Идархэ кьару ямыІэж хъуа нэужь. Адыгэ кьуажэ зыбжани кьригъэтІысэкІащ - Тэрч кьалэ, Шэрджэс жылагъуэкІэ зэджэри абдеж зыгъэтІысар Сэнджэлейщ.

Тэрч кьалэ дж щыса кьэзакъ жылагъуэхэри зи Іэмыщ Іэ ильар Сэнджэлейщ. Я лъэпкъым кІэ игъуэтыху (XVII лЭщІыгъуэм и кІэух пщІондэ), Сэнджэлейхэ Тэрч кьали абы и гъунэгъу къэбэрдей, дагъыстэн жылагъуэхэр яІэщІэлъащ.

Сэнджэлей Къэбэрдеймрэ Дагъыстэнымрэ Урысей благъэ зэрыхуищІыным щІэкъу зэпытащ.

ХьэтІохъущыкъуэ

КЪЭБЭРДЕЙМ бжьыпэр щиубыдыху, зы махуи епсыхакъым. И адэшхуэ ПщыІэпщокъуэрэ и адэ Къазийрэ зыщІэкъуа Іуэхур зэригъэкІуэтэнырщ зи ужь итар. И адэ кьуэшым и кьуэ Алыджыкъуэ гъусэ хуэхъури, Идархэ дигуащ, бжьыпэр езым нубыдащ, Тэрч кьалэ дэс урыс дзэпщхэмрэ абыхэм я ІупэфІэгъу адыгэпщхэмрэ бэуапІэ яритакъым, Алыджыкъуэрэ ХьэтІохъущыкъуэрэ я дзэм ахэр зэхакъутэн ихуэзэфІэкІащ. Зыкъаужьыжа нэужь, я бийхэр кьалъаугъащ ХьэтІохъущыкъуэрэ Алыджыкъуэрэ, Балъкъ деж зауэ гуащІэ щаублащ, абы щытекІуар ХьэтІохъущыкъуэрэ Алыджыкъуэрэщ.

Алыджыкъуэ лІа нэужь, ХьэтІохъущыкъуэ Къэбэрдейм пщы нэхъыжь щыхъуащ. ХьэтІохъущокъуэхэ я унэцІэм кьежьапІэ хуэхъуар Къазий и кьуэ ХьэтІохъущыкъуэ и цІэращ.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

Джылахъстэн Адэлджэрий и шыпхъу Русудан, Куржым и пщышхуэ Вахтанг VI и щхьэгъусэр

Идар Темрыкъуэ и кьуэ Мамсырыкъуэ

Черкасский Муцал и кьуэ Кьасболэт

Инармэс и кьуэ Идар

ХьэтІэхъущыкъуэ



Кьетыкъуэ Асльэнбэч

Адыгэ (къэбэрдей) дзэпщхэр

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 3-нэ нап.)

XVII лІэщІыгъуэм икуэм щы-щІэдзауэ ХьэтІохъущокъуэхэ нэхъ щІэрыІуэрэ фІэлІыкІ нэхъ зиІэрэ Къэбэрдейм исакъым.

Тэрч псыр тенджызым щыхэуэм деж, Идар и къуэ Темрыкъуэ и лъэІукІэ, урыс дзэпщхэм быдапІэ (Тэрч къалэ) тращІыхьауэ щытащ. Къалэр урыс пащтыхым еувэлІа адыгэпщхэм хэщІапІэ яхуэхъуащ. Урыс дзэпщхэм я тІасхъэщІэхъхэм яхэтащ Шужьеинщкі эзджэр. Ар къищІэри, ХьэтІохъущыкъуэ Шужьейр иригъэукІащ. Тэрч къалэ дэс Чэлимэтыщым пащтыхым деж итхыгъащ: «Нэхъапэм, зиусхьэн, хъэныкъуэ Жан-Джэрий къэкІуасэу Къэбэрдейм кІыщыкІуам щыгъуэ, си малъхъэ Урыскъан и къуэ Шужьей Алыджыкъуэрэ ХьэтІохъущыкъуэрэ я деж плъакІуэ-дэІуакІуэ щыІэти, хъаныкъуэмрэ Къазий и бынхэмрэ къаухэс псор си деж кІигъэсыжырт, сэ а хъыбархэр зэрызэхэсхам хуэдэбзэу уи дзэпщхэм яІэрыгъэхъэжырт. Ар къыщІэри, ХьэтІохъущыкъуэ Шужьей къеэзэуащ, итІанэ и бейгуэл Лъэпщыкъуэ къриутІыпщри, къригъэукІащ».

ХьэтІохъущыкъуэ и адэшхуэмрэ Шужьей и адэ Жансэхъурэ зэпщ.

Шужьей ХьэтІохъущыкъуэ щри-гъэукІар 1626 гъэрщ е зымащІэкІэ нэхъ пасэущ.

ІуэрыІуатэм ихъумащ ХьэтІохъущыкъуэ Шужьей зэриукІам и хъыбар. Мыращ хъыбарым жиІэр:

«ХьэтІохъущыкъуэрэ Шужьейрэ лІыфІыгъуэ зэримыгъахуэурэ бий зэхуэхъуащ. Шужьеинщыр лІы зэщІэмыкІуэжт, лІыгъэ-щыгъэкІэ упалъэщынутэкъым. Алыджыкъуэ деж кІуэри ечэнджэщащ ХьэтІохъущыкъуэ.

- УемыбзэджэкІауэ упалъэщынукъым, - кІыжриІащ Алыджыкъуэпщым. - Шужьейрэ сэрэ дыдэбийщ. Уэрэ сэрэ дизэщыІеижауэ дгъэІунщи, Шужьей деж укІуэнщ, уекІуэ зыпщІынщ, Тэтэртуп фыкІуэнщи, тхъэ зэхуэфІуэнщ, къыщивгъэзэжкІэ гъуэгум щыбгъэбэлэрыгъэнщ.

Шужьей екІуэ зищІащ ХьэтІохъущыкъуэ, Тэтэртуп кІуэри тхъэ зэхуаІуащ, къыщагъэзэжым зы Іуащхъэ деж щепсыхащ.

- Мы Іуащхъэр Бахъсэн нэхъ и гъунэгъу хьэмэ Шэджэм нэхъ пэблагъэ? - еупщІащ ХьэтІохъущыкъуэ Шужьей.

- Ди пщафІэхэм къащІэнщ, - жиІащ Шужьей.

ПщафІэхэр ирагъэжьащ. ПщафІэхэр щыІукІым, ХьэтІохъущыкъуэ Шужьей еупщІащ:

- КъамэкІэ уепыджмэ, нэхъыфІ, хьэмэ сэшхуэкІэ къеупщІэтэхмэ, нэхъыфІ? - жери.

- Къэрабгъэр мэпыджэ, лІым къреупщІэтэх, - жиІащ Шужьей, жеймэ здыхилъафэм.

- КъезупщІэтэхым ухуэзащ, - жери, ХьэтІохъущыкъуэ Шужьей и щхьэр тІууэ зэгуихуащ.

И щхьэр зэгуипІащри, Шужьей къызэфІэтІысхащ, и нэпкъ-щхы-щыщІэкІым, ХьэтІохъущыкъуэ къыхуеплъыхащ:

- Щхьэ угурэ? - жери.

- СыщІэгъыр сызэрылІэракъым, - жиІащ Шужьей. - «Хэт зыукІар?» жаІэрэ щІэупщІэмэ, «ХьэтІохъущыкъуэжь цІыкІуращ» зэрыжаІэнуращ.

Ар жери, Шужьей и псэр хэкІащ. И хьэдэм Іуащхьэ тращІыхьащ. Шужьей и ІуащхьэкІэ йоджэ эдыри къэс. Іуащхьэр Бахъсэнрэ Шэджэмрэ я зэхуаку дэтщ».

Алъхъэс Мудар

ДЖЫЛАХЪСТЭНХЭ я лъэпкъыр къызэтехъуКІа Минбулэт Джылахъстэн и къуэрылъхум и къуэщ. Дарьял псыхъуэ дэтТысхэри, бгым къыщхьэдэх гъуэгум тепщэ щыхъуащ (куржы къалэ Казбеги иджы здэщысым деж щыпсэуащ, и жылэхэри абы игъэІэпхъуэри). Къэбэрдей Іуэхухэм кІыхэІэбэ зэпытащ, пщы зэныкъэкъуэкэм яку дыхьэурэ. Ираным куэдкІэ щигугъыртри, абы гъунэгъу зэрыхуэхъуным пылъащ. Ар кы-хуадакъым Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэрэ Къазий и къуэ ХьэтІохъущыкъуэрэ - абыхэм ясауКІащ 1641 гъэм.

Муцал

КЪАНКЪУЫШ Сэнджэлей и къуэщ. Каспий и Іуфэм Іут Тэрч къалэм къетТысэкІауэ щыта къэбэрдей жылагъуэхэр ІэщІэлъащ. Къэбэрдейм и Іуэхухэм хамэ кІыхэзэрыхимыгъэІэбэм щхьэкІэ (е ар щхьэусыгъуэ ящІри) 1640 гъэм ягъэтІысыгъащ. Къамбулэт и бынхэмрэ абыхэм я дзейхэмрэ Балъкъ зауэм (1641 гъэм) щызэхакъута нэужь, щхьэхуит хъужри, Къэбэрдейм къигъэзэжащ. 1642 - 1643 гъэхэм Ираным кІуауэ щыта къэбэрдей лІыкІуэхэм пашэ яхуэхъуащ, шах Аббас ІущІащ (ар езым и малъхъэт). Кърым тэтэрхэмрэ нэгъуейхэмрэ щезауэм щыгъуэ урысыдзэм хэтащ, 1651 гъэм Сунжэ быдапІэр персхэмрэ шамхалым и дзэмрэ щызыхъымахэм ящыщщ.

Къасболэт

МУЦАЛ и къуэ нэхъыжьщ (Муцал Тэрч Іуфэ Іус Идарейр ІэщІэлъащ). Зэадэзэкъуэм 1651 гъэм Сунжэ быдапІэр яхъумащ - персхэмрэ шамхалым и дзэмрэ Іэрагъэхьакъым. И адэр аІа нэужь, 1661 гъэм, Тэрч къалэ къетТысэкІауэ щыта бгырыс жылагъуэхэм я теппщэ хъуащ.

Разин Степан и дзэр зэхэзыкъутахэм яхэтащ, ар Кавказ Ищхъэрэм къригъэхьакъым. Астрахьан къалэр Разин къыІэщІэзыхыжар Къасболэтщ. Тыркухэм я быдапІэ Азов къэзубыда къэзакъхэмрэ шэрджэсхэмрэ пашэ яхуэхъуащ, Сиваш зэпрыкІри Кърымым ихьащ, абы хъаным и дзэр щызэхикъутащ. Урыс-тырку зауэм щыгъуэ (1676 - 1681 гъэхэм) дзэм пашэ яхуэхъуащ, абы хэтащ Къасболэт и лъэпкъгъуэхэри. ЗэфІыжьын мурад щащІым, урысхэм яфІэзахуэр тырку дзэпщхэм ягурызыгъэІуар Муцал и къуэ Къасбулэтщ - абы и фІыгъэкІэ Малороссием (Украинэм) и зэхуэдитІыр къыІэрыхьэжауэ щытащ Урысеим.

Жансэхъу

КЪЕТЫКЪУЭ ПщыІэпщокъуэ и щынэхъыщІэщ. Идар Къамбулэт лІа нэужь, пщы нэхъыжь къулыкъум щІэныкъуэкъуащ, Идархэ ІупэфІэгъу къищІри. А къулыкъур къулыкъыртэкъым ПщыІэпщокъуэ Жансэхъу, ар зы-лъысар Тепсэрыкъуэ Щолэхъут. ИтІани увыІакъым, и щхьэр хилъхьэу. Урыс пащтыхыр къызэрыдэщІами къикІа щыІэкъым. Пщы нэхъыжь къулыкъур къызэрыІэрымыхьэнур къыщыгурыІуэм, и пІэ итІысхьэжауэ щытащ.

Жансэхъу и щІэблэр Къазий и къуэ ХьэтІохъущыкъуэ зэтриукІауэ щытащ, абы кьидежьащ «Жансэхъухэ я гъыбзэр».

Къетыкъуэ Аслъэнбэч

КЪЭБЭРДЕЙМ и пщы уэлийнуэ щытащ 1737 - 1746 гъэхэм. ЛІакъуэлІэшхэр гупитІ зэрыгъэхъуным хэлІыфІыхьащ - бахъсэн гупрэ къэщкъэтау гупрэ, ахэр зэныкъуэкъу зэпытащ, лІыфІыгъуэ зэримыгъахуэурэ.

Урыс пащтыхъ Петр Езанэр Персым зэуакІуэ щыкІуэм щыгъуэ гъуэ-гъэ хуэхъуащ, ар къэщкъэтау гупым къадэІэпыкъункІэ щыгугъыртри. Къетыкъуэ Аслъэнбэч, къэщкъэтау гупым я пашэм, къызэрыдэІэпыкъун хэару иІэтэкъым урыс пащтыхым. Бахъсэн гупыр щытегуплІэм, Къетыкъуэ Аслъэнбэч и лІакъуэлІэшхэр зыщІигъури Псыжь зэпрыкІащ, кърым хъаным ІупэфІэгъу зыхуищІащ.

Кърым хъаным и дзэр, нэгъуейхэм къакъуэгушхукІыуэрэ, Къэбэрдейм куэдрэ къытеуащ, ауэ бахъсэн гупым кьапэльэщакъым. И жагъуэгъуэхэм екІужри, Къетыкъуэ Аслъэнбэч 1737 гъэм Къэбэрдейм къигъэзэжащ. Аслъэнбэч и шуудзэм 1739 гъэм Нэгъуей Ордар зэтрикъутащ; урыс-тырку зауэхэм хэтащ. Ираным дзей ящІын мурад зэраІэр къыхуаІуэхуауэ щытащ, езым идакъым армыхъумэ.

1746 гъэм Гум псыхъуэ щыІащ.

«Тенджызит Іым я кум дэсын хуейр зыпщщ» - а псалъэр къызэзынэкІауэ адыгэ ІуэрыІуатэм къыхэщыр Къетыкъуэ Аслъэнбэчщ.

ХьэтІохъущокъуэ Кургъуокъуэ

ХЬЭТІОХЪУЩОКЪУЭ Кургъуокъуэ Къэбэрдейм и пщы уэлийнуэ щытащ - XXVI лІэщІыгъуэм и кІэм къыщыІэдзауэ. Минищэм нэблагъэ кърымыдзэр къащытеуам щыгъуэ (1708 гъэм) Кургъуокъуэ Къэбэрдей псор зэщІигъэшэсащ, бзаджагъэ хуеКІуэри, бийр бгым ириуКІыхьащ - Балъкъ псыхъуэ къыщыщІэдзауэ Бахъсэн псыхъуэ нэс. Кургъуокъуэ кърымыдзэм кІэ щритар Кьэнжал дежщ, аращ бийр щызэхакъута зауэм Кьэнжал зауэкІи щІеджэр.

Зеикъуэ дыгъафІэкІэ зэджэ джаБэм и щигум Кургъуокъуэ Къалэбыдапі щиухуауэ щытащ, абы и кутахуэхэм ноби ущрохьэлІэ Хьэрэккъуэрэ ипщэІуэкІэ, а щІыпІэм КъалэжькІэ йоджэ.

Кургъуокъуэ 1709 (е 1710 гъэм и пэщІэдзэм) дунейм ехыжащ. Пщы уэлий хахуэм, дзэпщ Іущым и хъыбархэр щыгъунэжщ адыгэ ІуэрыІуатэм.

Кургъуокъуэ Мухьэмэд

ХЬЭТІОХЪУЩОКЪУЭХЭ я лъэпкъым щыщщ, БомэтКІи еджэу щытащ. Кърым хъаным и дзэр Кьэнжал зауэм 1708 гъэм щызэхэзыкъута Кургъуокъуэ и къуэщ. Къэбэрдейр хамэхэм я Іэмыщ Іэ зэримыхуэным щІэбэн зэпытащ. Бахъсэн пщы гупым пашэ яхуэхъуауэ, Псыжь зэуакІуэ къэкІуа кърым хъаным и дзэмрэ абы кьидэщІ тыркуэхэмрэ зэтрикъутащ, абыхэм къэбэрдей шу минрэ щитхуэрэ ириутІыпщри.

1756 гъэм дунейм ехыжащ, хуэзФІэкІ псор и лъэпкъым хуилэжьауэ.

ХьэтІохъущокъуэ Къэсей

МЫСОСТ ХьэтІохъущыкъуэ и къуэщ. Къэбэрдеипщхэр гупитІ зэрыгъэхъуауэ щызэныкъуэкъум щыгъуэ бжьыпэр зыІигъахэм ящыщащ, Къетыкъуэ Аслъэнбэч еныкъуэкъу зэпытащ. 1747 гъэм, ХьэтІохъущокъуэхэ, Кьетыкъуэхэ, Бэмырзэхэ зэгухэри, хэкум ирахуащ, Къэбэрдейм къыщихьэжар 1751 гъэрщ.

Кургъуокъуэ и къуэ Мыхьэмэт (Бомэт) лІа нэужь (1765 гъэм), Къэсей Бахъсэн пщы гупым я пашэ хъуащ. КъэбэрдеищІым къращІыхьа Мэздэгу быдапІэр къутэжьи хуейуэ зукъуэдзиа пщыхэм ящІыгъуащ. Урыс-тырку зауэм лъэныкъуитІымкІи яхуэхьхьакъым: абы Къэбэрдейм и фейдэ зэрыхэмылъыр къыгурыІуат, ар зыми ІэщІэмыльын хуейуэ илъытэрти, пащтыхь Екатеринэ ЕтІуанэм дишэха пщыхэм жагъуэгъу яхуэхъуащ, абы щхьэкІэ Къэбэрдейм ирахуи мурад къыхуащІащ, ауэ и пІэ яхуикІакъым. Пащтыхь гуащ Екатеринэ емыувэІаХэр гъусэ ищІри, хэкум и щхьэхуитныгъэм щІэбэнащ.

1773 гъэм дунейм ехыжащ.

Бэчмырзэ Тэтэрхъан

КЪЭБЭРДЕЙМ и пщы уэлийуэ щытащ (1732-1737 гъэхэм). Бэчмырзэ Жамболэт и къуэ и нэхъыжьщ. Жамболэтщ Бэчмырзэхэм я лъэпкъым ублапІэ яхуэхъуар. Бэчмырзэхэ Кавказми Урысеймри щыцІырыІуащ, а лъэпкъым кьыхэкІащ дзэпщ, щупашэ зыбжанэ, абыхэм ящыщщ Бекович-Черкасский Александри (Долэт-Джэрий).

Бэчмырзэ Тэтэрхъан яхэтащ кърымыдзэр Псыжь щызэтезукІа къэбэрдей шухэм. Урыс-тырку зауэм и зэманым (1736 гъэм) Бэчмырзэ Тэтэрхъан и жэрдэмкІэ къэбэрдейхэм шу минитІ ягъэшэсащ, абыхэм куэдкІэ я фІыгъэщ урысыдзэр тыркухэм зэрытекІуар.

Тэтэрхъан и шынэхъыщІэр (Елмырзэ) генерал хъуауэ урысыдзэм хэтащ. Дзэм къыхэкІыжа нэужь, Елмырзэ Къызлар щыпсэуащ, абы и щІапІэращ дзэпщ щІэрыІуэ Багратион къыщалъхуар (Багратион и анэр Бэчмырзэ Тэтэрхъан и шыпхъущ).

Къасболэт

БЭЧМЫРЗЭХЭ ящыщщ, Къэбэрдейм и щхьэхуитныгъэм щІэзэу зэпытащ. Ираныгъэ Кахетиемрэ запищІэри, ахэр здигъэІэпыкъуащ (Кахетием и пщым и къуэр езы Къасболэт и малъхъэт). Урыс дзэпщхэм Къэбэрдейм кьыкІэлъыдзэрахьэ хьэгъэщагъэмрэ залымыгъэмрэ пэщІэтащ, зыхуищІэкъуар абыхэм я лъэр Къэбэрдейм зэрыщимыгъэувынырт - ар къыщІэхъуІи къэхъуащ, къыгурыІуэрт урыс дзэпщхэм дзыхь ебгъэз зэрымыхъунур. Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ: 1822 гъэм гъатхэпэ маэм и кІэм урыс дзэпщхэр теуащ адыгэпщхэм хасэ щрагъэкІуэкІ жылагъуэм. Къасболэт абдежым къыщащІащ.

Мыхьэмэт Іэшэ

ИУЖЬРЕЙ адыгэ (къэбэрдей) дзэпщхэм ящыщщ, хэкум и хуитныгъэм щІэзэу щІэныкъуэхэм гъуаэзэрэ щупашэрэ яхуэхъуурэ зэрыпхъухьКІуэхэм куэдрэ ебгъэрыкІуащ.

ХьэтІохъущокъуэ Аслъэнбэч и къуэщ, къыщалъхуар 1805 гъэрщ, балигъыпІэ зэриувэ льандэрэ зауэм кьыхэкІакъым, урыс дзэпщхэм я щхьэр къригъэІэтакъым, езыр псэуху. Къэбэрдейр Ермоловым «игъэсабыра» нэужь, Псыжь Іэпхъуащ, ауэ бэнэныгъэр зэпигъэуакъым. Кавказ зауэм и тхыдэм куууэ щыгъуазэ щІэныгъэІ Потто В. зэритхыгъамкІэ, Мыхьэмэт Іэшэ «иджыри къэс (XIX лІэщІыгъуэм и кІэми) щыцІэрыІуэщ гъунапкъэм».

ЛІыгъэрэ хахуагъэкІэ Мыхьэмэт Іэшэ пэхъун а зэманым исакъым Къэбэрдейм. Шэткъалэ (Ставрополь) къалэм дэс дзэм ебгъэрыкІуауэ зауэм хэкІуэдащ 1846 гъэм.

Мыхьэмэт Іэшэ щІэныгъэ зиІэ цІыхут, бзэ зыбжанэ ищІэрт. «Іэшэ» цІэр щІытеІукІар зауэм уІэгъэ хьэлъэ зэрыщыхъуарщ - и І э сэмэгур къыдэбзыкъыртэкъым.

Ди зэманым къэсащ ХьэтІохъущокъуэ Мыхьэмэт Іэшэ и лІыгъэмрэ и бнэныгъэмрэ къызыхэщыж уэрэд, хъыбар куэд. Абыхэм ящыщщ мыри:

Мыхьэмэт Іэшэ шыбз хэкІуапщІэ зэгуэрым фІадыгъуащ. Нэху игъэщри, шыдыгъум яльэжьащ, зы жылэ нэсауэ, уэрамыщхьэм тет пщащэм ІущІащ.

- Пщащэ жырытэдж, шы бламыхуауэ пІэрэ фи жылэкІэ? - еупщІащ Мыхьэмэт Іэшэ пщащэм.

- Бахъуащ, - къыжриІащ пщащэм.

- Щауибл мэхъу уи шыр зыхуар.

- Упсэу, пщащэ жырытэдж, - жиІащ Мыхьэмэт Іэшэ. - Къэзгъэзэжмэ, фи хьэщІэщ сынихьэнщ.

Ар жери, Мыхьэмэт Іэшэ блэкІащ, шыдыгъуэхэм ялъэщІыхьэри, шыр къатрихьажащ, щауиблым яшхэри къыздихуащ. ЗэрыжиІауэ, пщащэ жырытэджым я хьэщІэщым ихьащ Мыхьэмэт Іэшэ. ХьэщІэщым щІалитІ исти, я псэльэкІэкІи я ІукІэщІыкІэкІи игу ирихьакъым Мыхьэмэт - шэсри къежьэжащ. Къещежьэжым, пщащэм жриІащ:

- Уи хьэщІэщ ис щІалэхэм гъуэгурыкІуэр щІэнэкІалъэ иремыщІ - абы хущІегъуэжьинкІэ мэхъу.

Мыхьэмэт Іэшэ и псалъэр щІалитІым ягу техуакъым. Псалъэ къахуэзыгъэнар яцІыхурэкъыми, лъежащ: «Тпхынщи, къэтхьынщ», - жари.

ЦЫлъэщІыхьэм, щІопщкІэ къахэуэурэ хьэщІэщым кърихуІэжащ щІалитІыр Мыхьэмэт Іэшэ.

- Уэ пхуэдэ пщащэм и хьэщІэщ къихьэну яхуэфащэкъым мы щІалэ мыгъасэхэм, - жриІащ хъыджэбым.

- Тхьэмадэ, зыкъэдгъэщІыху. ЕмыкІу къэтхащ, ди напэр текІащ, - къэлъІуащ щІалитІыр.

- МыбыкІэ сыкъэфщІыхункІэ хъунщ, - жери Мыхьэмэт и Іэр къаригъэлъэгъуащ. Абы къыфІигъэкІакъым».

Дау и къуэ Бахъсэн

БАХЪСЭН псым и Іуфэм дзэпщышхуэ гуэр Іусыгъащ, ДаукІэ еджэу. Дау пщым къуийрэ зыпхъуэрэ иІэт, и къуэ нэхъыжьым и цІэр Бахъсэнт.

Дау и къуэ Бахъсэн гъут зауэм хэкІуэдащ. Гъут зауэм хэкІуэдащ Бахъсэн и къуэшибЛри лІыхъужь пщІеи. Дау и къуэхэр цІыхум ягъеижащ, мыр жаІэурэ: «Хьэдэщ, хьэдэщ Дау и къуийр, хьэдэ мыгъуэщ Дау и къуийр!»

Дау и пхъум и дэлъхухъэм я хьэдэр ЕтІэкъуэ псым и Іуфэм щыщІилъхьэжри, мывэ сын яхуигъэуващ. Абы Дау и къуэхэм я сынкІэ е ЕтІэкъуэ сынкІэ йоджэ.

Гъатхэм щІыхуб щІалэхэм, я щхьэщыр утІапщащэ, губгъуэм йохьэри, Дауэрэ я гъыбзэр жаІэ:

Дау и къуэ Бахъсэн есым
Ант шухэр къызыщІегъэпль.
Алътудым и къуэкІиижьым
Гъутыжьмэ лъыпсыр щагъажэ.
Алътудуэ псыхъуэ жэрыжьми,
Гъутыжь хьэдэхэр зэлърехьэх.
Ант хьэдэу зэлърихьэхари
Хэт мыгъуэм къыхихьжьын?
Бахъсэн мыгъуэу дзэр тхуэзезышэр
Гъутыжьмэ кърагъэпсых,
Махуей мыгъуэм шынэхъыщІибЛри
Бахъсэн мыгъуэм депсыхьжащ.
Зэший мыгъуэм я шыпхъу закъуэм
Мы махуэм зарегъэІэжьэ,
Іэжьэгъуэмэ яхуэмыІыгъыу
Бахъсэн и гъуабжэм закъыфІредзыр.
Гъутыдзэм хъунщІэр щрадзым
ЗауэлІмэ ягъэщІэгъуащ.
Хьэдрыхэ мащэм щІэхъуэпсу
Бахъсэн маисэри щигъабзэщ.
Къуэшылъыр зэрыхуэщІэжу
ЩІІэжри ялъихьэжар
Зэшиймэ я шыпхъу закъуэрщ.

Дау и къуэхэм я хъыбарри я гъыбзэри зытхыжар Нэгуэщ Шорэщ. Абы зэриУэтэжамкІэ, Дау пщышхуэр щыпсэуар IV лІэщІыгъуэщ.

Дау и къуэхэм я сыныр (ЕтІэкъуэ сынкІи йоджэ) ЕтІэкъуэ псым и нэпкъым тетащ, ар нобэ щахъумэ Бытырбыху дэт Эрмитажым.


ХьэтІохъущокъуэ Кургъуокъуэ

Къэбэрдеишхуэм щыщ пщы. *Сурэтыр Карнеджефф Е. ищІащ. 1812 гъэ*

Джылахъстэнэм щыщ пщы. *СурэтырКарнеджефф Е. ищІащ. 1812 гъэ*

Къэбэрдеипщыр зекІуэ тохъэ. *Сурэтыр Бертуч ищІащ. 1805 гъэ*

Къэбэрдеипщхэмрэ Джылахъстэней пщыхэмрэ. *Сурэтыр зыщІар наІуэкъым. XVII лІэщІыгъуэ*

Къэбэрдеипщ, уэркъ зауэлІ, пщым и пхъур. *Сурэтыр зыщІар наІуэкъым. 1808 гъэ*

Къэбэрдейм щыщ пщы. *Сурэтыр 1852 гъэм ящІащ.*

ЩIалэгъуэ

● Дызыгъэпсейтей Iуэху

ЦIыхугъэм нэхъапэ щыIэ?

Лъэпкъ куэдым гъэсэныгъэкIэ, хьэл-щэнкIэ, нэмыскIэ, хабзэ дахэкIэ ефIэкIыу, щапхъэу ягъэлъагъуэу щыта адыгэм сыту пIэрэ нобэ ди псэуфIэр?

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъунщи, пщIэ, нэмыс, шыIэныгъэ ядэплъагъужкъым ди цIыхухэм, я жьэм къужьэдэкIынур акъылым и кхъузанэм щIагъэкIыну куэдым я щхьэ ирапсыххэркъым. Сыт абы дыкуэзыщIар, щхьэ пIэлткIыр «жьгъей» дыхьуу щIэддза? Мылькум кьишэ нэпсеягъэр мыIухуу зи нэм телъ цIыхухэм я псэльэкIэри, я зыщIыкIэри, гупсысэкIэри, зекIуэкIэри куэдкIэ къыщхьэщокI кьулейсыэым. Пагагъэр кьаткIуэ, зы унагъуэ исхэр, зэблагъэ-зэIыхьлыхэр зэмызэгъыж, зэрымыльагъуж хъуащ. Нэкууи напIэуи яIэри ялъагъури мылъкурщ, я гупсысэр зытраухуэр ар нэхъыбэ зэращIын, зэрагъэбзагъэн Iэмалхэрщ. Мылъкум, нэпсеягъэм жылагъуэ зэщхьэщыкIныныгъэр, зэхэгъэжьыр кьишащ. Адыгэ зэныкъокIи цIыхугъэм игъэнэхъапэ зыри щыIэтэкъым. Хуабжьу уегъэгумэщI зы унагъуэу тIысыжьну мурад зыщIа ныбжьыщIитIыр зэрызэхуэфащэр мылъкукIэ къыщIапщытакIэ.

Ди цIыхубзхэм нэхъ дахэрэ нэхъ гуакIуэрэ щымыIэу жызыIэр адыгэ лъэпкым къыхэкIахэм я закъуэкъым, ар зэрыдунейуэ щыхьэт зытехъуа Iуэхущ. 1921 гъэм Налшык къэкIуауэ щыташ Азие Курытым и дзэ округым и Iэтащхэ Фрунзе Михаил. Адыгэ бзыпхъугъэхэм ятхъэкъуа щIалэм мыпхуэдзу жиIауэ щыташ: «Мы дунейм тету си фIэщ хъуркъым адыгэ бзыпхъугъэхэм нэхъ дахэрэ лъагъугъуафIэрэ. Я набдзэхэр фIыщIэ къурашэу, я нэкIухэр хъурейуэ, ябгъэр псыгъуэрэ я щхьэщыгъуэ дахэр хуэнаран лъэдакъэпэм нэсу».

Хамэми хэгъэрейми зрещIагъуэр псэ кьабзаГъэмрэ хьэлщэн дахэмрэ дэнэу пIэрэ здэкIуар? Иджыпей бзыпхъугъэм и тепIъэм, хьэлым куэдкIэ зихъуэжащ. Муспымэн динымрэ адыгэ хабзэмрэ «зы жьэу» жаIэ бзыпхъугъэр ныкъуэхуапэу уэрамым къыдыхэз зэрымыхъунур. ЦIыхубзыр зыгъэдахэр и гъэсэныгъэрщ, хэлъ нэмысыщ. Кьалэм щIыкIей щыхъуэхэри мащIэжым, я щхьэщыр, Iэбжьанэр, нэкIур апхэдизкIэ зэхащIапэри, ныбжь зиIэмрэ зи щIалэгъуэмрэ пхуэзэмыщIыхьыжу укъагъэIэнкIун.

Куэд зыпIъэгъуар, зыхуэи хуэзащIэр щокI, мыбыхэм я Iуэхури арагъэнущ.

Зэгъэнэгъуэр, зы хьэблэм дэсхэр зэблагъэ-Iыхьлыхэм нэхърэ нэхъ зэкIэлъыкIуу, нэхъыбIу зэрыпагъуу, зым имыIэмкIэ адрейм зыщIигъакъуэу, я Iэту я Iэнэу, зэхэщIыкI яIэрэ зэрыIыгъыу щытащ. Иджы зэгъэнэгъуэр къэгъэнауэ, нобэ зы унагъуэ исхэр щыIэзэрымыIуэ куэдрэ урохэлIэ. ЩIалэгъуалэм я уэрам дэтыкIэм, я автобус исыкIэм уимыгъэуцIыгъу къыпэрхьым.

Псэ зыIут псоми хабзэ гуэр яхэлъщ, ауэ Алыхьым и къэгъэщIыгъэм щыщу нэхъыбIу къальытэ цIыхум и гъащIэ хабзэхэр IэщIыб ищI зэпытщ. ИхьуреягъкIэ зуплъыхьмэ, узыгъэнэщхькIи, кууэ уиэзыгъупсыхькъ куэд щыбоIабгъэу, ауэ абы кьикIыркъым псори зэфэзэщуу икIэу, фы димыIэу. А фIы тIэкIурщ лъэпкъыр нобэми зыгъэпсэур.

Ди Iуэхум куууэ сегупсысаа ныжь, мы упщIэр гущIыIу къысфIохъу: кьэхъунут пIэрэ зэмиан ди щIалэгъуалэм адыгэ хабзэр щызэхалъхьжьын, нэхъыжьым хуэфащэ пщIэ хуащIыфрэ нэхъыщIэм я гъуэгугъэлъагъуэу щытыфхэу? Адыгэм игъащIэм и хабзэщ жьы хъуахэм пщIэ хуащIрэ ягъэлапIэу.

ЩIалэгъуалэм къуаншагъэ псор ятетлъхьэу дрихъущIэкIэ зэфIэкIынукъым, дэтхэнэми ди кьалэнщ къыдэкIуэтей щIэблэм гъэсэныгъэ яхэтлъхьэну, зэрытхузэфIэкIкIэ унэми, уэрамми, автобусхэм зэрисыпхъэмкIи дечэнджэщыну. КъыдэкIуэтей щIэблэр мыкъымыщIэжэ, зи лажьэр дэращ. Уэрамым игъэсамрэ унагъуэм щапIа сабиймрэ шурэ пIъэсрэ я зэхуакуэ. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ унагъуэ кьалэным хуэIэкIуэлъхьакIуэу лэжьыгъэм щIэпIыкIын хуэйщ. ЩIалэгъуалэм унэми, еджапIэми, уэрамыми дащыхуэсакъыпхъащ, си благъэ-уи благъэ хэмыту, лъэпкъым и быныр гъуэгу захуэ тегъэувэнымкIэ дыззэкъуэвгъэувэ. «Нэмыс здэщымыIэм, насып щыIэкъым». КъэкIуэну дахэ диIэну дыдэхуеймэ, жьыи щIэи дыззэкъуэвгъэуви, ди лъэпкъ уардэм хуэфащэ быи дывгъэгъасэ.

МЭКЪУАУЭ Iэмырбий.

*Уэрэджыакlуэ, тхакlуэ, артист, щlэблэ Iэпщlэльапщlэ, щlэныгъэм, политикэм хэзыщыкI - иджырей щlалэгъуалэр зыхуэмыIэкIуэлакIуэ унэтIыныгъэ къэгъуэтыгъуейщ. Ущымыгуфыкlын пльэкlыркъым абыхэм ехъулIэныгъэфIкIэр яIэу щыпльагъукlэ. Лъэпкъыпсэм и хьэуар, ар зэрыбауэр - къыщIэхъуэ щIэблэщ. Псом хуэмыдзу уи гуапэ мэхъу къызыхэкIа лъэпкым егъэщIылIа Iуэхуэхэм зи щIалэгъуэр хэту щыпльагъукlэ. Пщдей уимыIэу пщэдеймыщкIэ уиIэнчкым, а пщэдейм и лъабжьэр щагъэтIылъ нобэм жыджэру лъэпкъ Iуэху зэрахуэу хэтщ «ЩIалэгъуэм» и хьэщIэщым кьедгъэблIгъаэр. Ди адыгэ театрым и гъуэкIэгъэсэнхэр, гъэфIэнхэр, я кьанэр жыслIэмэ, сыщыуэну кьыщIэкIынкьым. Ахэр куэдым нэIуасэ яхуэхъуащ спектакль зэмылIэжьыгъуэхэм, адыгэ зэхуэсхэм, усэ пшыхьхэм я зэфIэкIкIа щагъэльагъуэу.

Уи щIэблэм и Iуэху еплъыкIэр, и гупсысэкIэр зэбгъэщIэну сыт щыгъуи сэбэщ. Сценэм щытми, роль щагъэзащIэм кьыщIэмыщIауэ, нэхъ гъунэгъуу зэдгъэщIыхуи гурагъщэкIэ, зыхьхьа гупым, лъэпкъ театрыр кьыззэрыхахам теухуауэ, я мурадхэмрэ Iуэху еплъыкIэхэмкIэ кьыддэгуашэмэ ди гуапэу захуэдгъэзащ. Лэжьыгъэ ятеухуауэ, кьызэрыхаха щыкIэрщ япэу дызыщIэупщIар.

Кlэбышэ Iэхьед: - Илъэсищ ныбжьым щыщIэдзауэ артист Iэщlагъэм сыдигьхьэхьутти, гитарэ соуэ жысIэурэ, жыхапхъэу диIэр сфыщIу щытащ. Нобэкlэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэм зызыхуей макъамэр къыхсуогъэкI. Сыт щыгъуи адыгэбзэр сфIэфIу, нэхъ спэгъунэгъуу, абы ехьэлIа Iуэхуэхэм жыджэру сыхэту щытащ, иджыри аращ. Школым сыщыщIэс зэманым джэгуным, утыку итыным пэсщI щыIэтэкъым, ди егъэзжакIуэхэм куэдрэ зашыпхъщыж къэхъурт. Кьафэ, уэрэд жыIэнкIэ къыстекIуэ щымыIэу секIэжьырти, курыт школыр къыщIызухым, Кьэбэрдей-Балъкъэр зиунеитетым и адыгэбзэ кьудамэм сыщIагъэтIысхьэну ди благъэIыхьлыит ялъэкI кьаГъэнэкъым. Абыкlэ я гур щыIэуэрэ Гъуэзджэхэмкlэ институтым сыщIэтIысхьэри, а гъэ дыдэм «Шэрджэс» студием Шьбзыхьуэ Басир и фIыгьэкI зэпытти, Шьбзыхьуэ Басир абы и унафэщIу щагъэувым кьызэджэри, сыкъэкIуаш. Абы льандэрэ махуэ кьэс зы льэбакъуэщIэкIэ нэхьыбэ зэрысчар, зы спектаклыщIэ дгъэувыху нэхъ ин сыхьуауэ, льагапIэщIэхэр зэрызыIэрызгъэхьхьэр хьэкъсщIхьэжу щытщ. Мы гъэм ильэсипIл ирокъу лъэпкъ театрым сызэрыщIалажьэри, зы махуэ сыхущIегъэжакъым.

Хьэхъупащlэ ФатIимэ: - ФэрыщIыгъэ хэсльхьэу кьызыщIыхьуни щыIэу кьыщIэкIынщ, ауэ, сэ езым зэрысщIэжрэ, утыку итыныр, зыкъэгъэльэгъуэнэр сфIэфIу сыкъокIуэжкI. ИльэсибI - ильэсибI ныбжьым ситу, артист зэфIэкI сиIэу гу лъызыта си анэм си Iэпэр иубыдэри, ЖбакIэмыхьэу КIунэ кьызэрригъэпэща гупжьейм сишауэ щытащ. КIунэ цыкIуэхэр зэрырихьыжьэр зэрыдыгъэзэти, абы и фIыгьэкIи сэри си анэдэлъхубзэм нэхъ сыхуэшэрыуэ хьуад. Дауэ мыхъунрэ, си псэм пэгъунэгъу Iуэхур зэрызэрахьэ, абы щыIэнэхъыщхьэ, щыпащтыхь бзэт ар. ГъуэзджэхэмкIэ институтым сыщIэтIысхьэри, а гъэ дыдэм «Шэрджэс» студием Шьбзыхьуэ Басир и фIыгьэкI зэпытти, Шьбзыхьуэ Басир абы и унафэщIу щагъэувым кьызэджэри, сыкъэкIуаш. Абы льандэрэ махуэ кьэс зы льэбакъуэщIэкIэ нэхьыбэ зэрысчар, зы спектаклыщIэ дгъэувыху нэхъ ин сыхьуауэ, льагапIэщIэхэр зэрызыIэрызгъэхьхьэр хьэкъсщIхьэжу щытщ. Мы гъэм ильэсипIл ирокъу лъэпкъ театрым сызэрыщIалажьэри, зы махуэ сыхущIегъэжакъым.

Театрым ялъэ дыдэу сызыщIаджэгъар таурыхьщ, етIуанэу «Маржэ», сыщIэфIхьхьэж» пьесэм Иуан Владимир и пIэкIэ сыхаIгъэхьауэ щытащ. ЗгъэззэщIа ролхэм ящыщу дэтхэнэри сэ сщыщ хьуащ, пэжжэ жаIэ роль цыкIу зэрыщымыIэр. Дэтхэнэми зызщызмыгъэнщIу нэхьыбэм езгъэльагъуэм, нэхьыбэм я деж си лIыхьужьым и хьэл-щэныр нэсхьэсэмэ, си гуапэщ.

- Сыт хуэдэ актермя езым и художественнэ образ кьегъэщIыж, ар щытопщIыкIыж езым и хьэл-щэным, и цIыху щыкIэм. Абы теухуауэ сыт кьыждэфIэн?

КI. I.: - ОбразэщIэ кьэбгъэщIынкIэ ауэ кьыззэрымыкIуэу Iуэху гугъущ, сэ си образхэр псом хуэмыдэу бззэрхэрщ кьызытесхыр, хэт и зекIуэкIэ, хэт и псэльэкIэ, хэт и зыщIыкIэ кьызощтэ. Нэхьыбэу спэгъунэгъум и гугъу пщIымэ, ар, шэч хэмыльу, комедиераш. Нэхъ тыншуи кьыхэхьлIэ, си псэми нэхъ кьещIэ. СрахулIэмэ, сыт хуэдэ роли схуэгъэззэщIэну, сиувэфыну кьыщIэкIынщ, ауэ комедием сыблэкIыфынукъым. ГушыIэныр гъэщIэ хьэл схуэхьуа гъэнщ.

Псом нэхьрэ нэхъыщхьэрацш, артистым фIэщхьунигъэхьэ хэлъын хуейщ, кьиигъэщIым езыр щыщ гуэру, абы и щхьэ кьрикIуэнэм химыщIыкIыххэ хуэдэу. Арыншауэ театреплъхэм я фIэщ хъхунукъым.

Хь. Ф.: - Зыри щхьэхуэу кьыскуухэхынукъым, ауэ сыт хуэдэ жанрым итами, гупсысэ куу, философиф, щIагъыбзэ, аиыыл зыхэль сыт хуэдэ ролри сфIэфIщ.

Б. Ж.: - Пщы хэмыльу трагедиер нэхъ кьызощтэ. Абы цIыхум и гущIэр кьетIэщIри, кьызэщIелэтэ, гупсысэщIэхэр, Iуэху еплъыкIэщIэхэр уегъэгъэуэт. Иджыри кьыздэсым трагедие сыджэгуакъым, ауэ сыхэтарэт жыслIэу си нэр кьоюI.

- Артистхэм нэхъыфIу цIыхур зыльагъурэ цIыхум и мыхъумыщIагъэ псори езыгъэльагъужьыфрэ щыIэу кьыщIэкIынкьым. БзэгъэщIыну фызыщIэхъуэпс роль нэхъыщхьэ дыдэмкIэ сытыт ди цIыхухэм ябгъэдэфIхьэнрэ е зэрызахуэщIэзэнур?

КI. I.: - Театрым игъэзащIэ кьалэным и гугъу пщIымэ, езы цIыхум гу зыльимытэж хьэл-щэн гуэрхэр едгъэльагъужьын хуейуэ кьысщохьу. Ди жагъуэ зэрыхьэлъыщIи, цIыхухэр нэхъ дэхьэхьэхыр гушыIэрэ щIэнэкIалъэрэ зэбгъкI спектаклэрщ. Ауэ фIыщIэ яхуэзощI ди театрым, щэнхабзэм гулъытэ хуэзыщIхэм, дэ тщIэр кьафIэIуэхуу кьекIуалIэхэм.

Хь. Ф.: - Ди цIыхухэм захуэгъэзэжну сыхуейт, сыт хуэдэ Iуэху ящхь ящхьи, гъэльэгъуэ гуэр кьажьэ-кIынуми, фIыуэ егупсысыну, зэчэнджэщIэжу итIанэ утыку ихьэну, зыр адрейм хуэсакъыжу, щысхь, зэхэщIыкI яхэльу псэуну. Ар кьыхэщу роль згъэзащIами жысIэну сыхьэзырт.

Б. Ж.: - Си фIэщ хъуркъым ди бзэм нэхъ дахэрэ IэфIрэ дуней псом те ту. Абы уи гурыгъу-гурыщIэхэр кьрипIуэтэныр сыт и уасэ?! Бзэр зыгъэдахэр зыIуры IыIыпщ. ГущIэм кьыщIэтхыу дыззэрыпсальэ бзэр зыгъэшэрыуэхэр нэхъыбэ хьуну, адыгэ унагъуэм адыгэбзэ щыIуу, адыгэ макъамэ щедаIуэу адыгэбзэкIэ тхыльэ щеджэу щытыну сыхуейт. Льэпкъым и бынхэм жаIэм нэхърэ ящIэр нэхъыбэу щызгъэтынут, сыхуитамэ.

Ди псэльэгъуэхэр псыкIантIэм ебгъапщэ хьуну кьызолъыгъ. Дэтхэнэ псыкIантIэмэ езым и кьежьапIэ, и псынащхьэ иIэжщ, куэд ельытащ псынащхьэм и кьабзагъым, и кууугъым, и Iэфlагъым. Ауэ нэхъыбэж ельытащ а псыкIантIэ цIыкIур зрижэну кьыхих, езым пхъшыж гъуэгум, абы и хьэрея-гъым, езым и ерыщагъым. ЦIыхухэр араш: лъэпкъым и псынащхьэм псыкIантIэ куэд кьыщожьэ, щIыIэ хьужарэ зэнэзнэпIэу кьабдзэу. Хэти псышхэм кьабдзэу нос, хэти псы инауэ кьонэ, жьымрэ псымрэ кьыIуащIа и гъуэгум емынкIуэкъуфу, адрейхэр псы ежэх щхьэхуэ мэхъури псэ зыIутым сэбэп хуэхоуIу. Лъэпкъ Iуэху зэрахуэу, абы и пщэдейм зи гур хуэмыгъуэ щIалэгъуалэм гъуэгу махуэ теувэну дахуохьуахьуэ!

Епсэльар
ЩОМАХУЭ Залинэщ.

КIэбышэ Iэхьед


Хьэхъупащlэ ФатIимэ

Бейтыгъуэн Жамболэт

Лъэпкъыпсэм и хьэуар къыщIэхъуэ щIэблэрщ

● Ди хьэщIэщым

● Хъыбар кIэщIэр

Сызэгуопри араш

IэХУИТЛЪЭХУИТУ, жьым и гукъыдэжьым зыдищIу къэзылъэтыхь хьэндырабгъэр блэ фIыщIэ кIэ кIыхьым ирихужьэри, жэщмахуэкIэ кьриихужкIащ. Хьэндырабгъэр шынэрти къэувыIэ хъунутэкIым, зэрышынэм кьрит кьарум щIигъэIэрт, блэри ёмышыжу и кIэм итт. Махуэ ещанэм, кьарууэ ирIэр щIэкIауэ, аджкIэ зы мэскьал зэрыкуэдзэфIэмыкIыж жьынур зыхиущIэри, хьэндырабгъэр ёэым ещхьыркъабзэ гуда гъэгъа дахэм и къуакIэм тетIысхьэри, и ужь итым жриIащ:

- СыбгъкIын и пэ кьжхуэу, упщIищ къудейкIэ зыпхуэзгъаэз хъуну пIэрэ?

- Си хьэлкъым уэ пхуэдэ жьгъейхэм апхуэдэ Iэмал ёсту, ауэ хъунщ, седэIэнщ уи уэсатым, жьыIэ.

- Хьэндырабгъэр пшхы уи хабзэ?

- Хьэуэ...

- Си зэран уэкIа?

- Хьэуэ...

- НтIэ, щхьэ сыпшхыну сыкъепхуэкIрэ?

- Сызэгуоп, хуиту къэплъэтыхьу, жьым уэзрихьэу щысльагъукIэ!

Псом щыщи нэхъыбэIуэну

ЗЭГУЭР цIыхубзым пщIыхьэпIэ елъагъу, тыкуэным щIыхьаргэ зиплъыхьу, тыкуэнтетыр езы Тхьэ дыдэрауэ.

- Ди Тхьэ, ар уэра? - гуфIэ макъыр тэмакъым кьыщIэгъэуэлъхьауэ щIыхубзыр кIиящ.

- Сэращ,- зэпIэзэрыту и жэуапыр кьитыжащ мыдрейм.

- Сыт уи деж кьыщысщэху хъунур? - щIыхубз хьэпу темыпIэу щIоупщIэ.

- Сэ си деж сытри кьыщыпхуэщэхунущ.

- Абы щыгъуэ, кхъыIэ, псом щыщи нэхъыбэIуэу - уэзынщагъэ, насып, лъагъуныгъэ, ёхьулIэныгъэ, ахъшэ куэду кьыззт.

Тхьэшхэр мащIэу пыгуфIыкIри, цIыхубзыр зыщIэлъэIуэахэр щхьэшхыну пэш щхьэхуэкIэ щIыхьащ. Заул дэкIауэ, зыкIуэцIыпхэ щIыкIуу закъуэ фIэкI имыIыгъыу кьащIэкIыжри, кьыхухишиящ.

- Мыра кьыззэптынур зэрыхъур? - губжьэр мыарэзыныгъэрэ зэщIэлъу кьопсалъэ щIыхубзыр.

- УзыщIэлъэIуар мыращ зэрыхъур. Уэ умыщIауэ ара си тыкуэным жьлэ фIэкI зэрыщамыщэр?..

Зэныбжьэгъуит!

И САБИИГЪУЭМ Аслъэн я гъунэгъу лIыжьым и гущэгъуэ зэман куэд игъакIуэрт, жьипIэнуракъэ, махуэм жэщ хьуху и ужьым итт. Зэманыр псынщIэрыкIуащ, Аслъэн ин ухуфIэ, дзэвхьэхэхэр нэхъ иныж хъуурэ, еджапIэти, ныбжьэгъуи, итIанэ лэжьапIэти, зыр-зым кьыпыувэурэ, лIыжьым бгъдэсыну зэман имыIэжьхэ, кьуажэм дэмыхьэж хъуащ.

Ажалыр къожьэн, лIыжьыр зэрыщымыIэжьым и щхьэкIуэ махуэ гуэрым кьыхуэкIуащ щIалэм. Абы занщIэу и нэгу кьыщIыхьэжащ лIыжьым и гъусэу игъакIуэ зэман дахэр, абы зыхуищIа, адэ папщIэу кьыщIэкIыстам кьыжриIа псори. ЛIыжьыр щIалъхьэри, пщыхьэщхьэхуэкIуэу щIалэр дыхьэжащ илъэс Iэджэ щIауэ имыIыгъуа, иджы нэщIыпс хъуа пщIантIэм. Нэхъ кхъахэ зэрыхъуар хьумыбжэмэ, псори а зэрыщIытат... Ауэ, дыщэпс тегъэльэдауэ, сыт щыгъуи стIолыщхьэм тету щыта ашьк пIлимэ щыкIур тегжтэжьмэ. ПIыжьмэ жриIэрэ а щыкIум дэлъым нэхъ лъапIэ мы дунейм зэрыщимыIэр. Благъэ-Iыхьлыхэм кьащтауэ гурыщхъуэ ищIри, щIалэм зыри жимыIэу, пщIантIэм кьыдэкIыжащ.

Абы ящ тхьэмахуит! дэкIауэ, дунейм ехьыжа лIыжьым кьыхуигъэхьу, щIалэм зыкIуэцIыпIэ гуэр кьыщIэрыхьэм, и щIыфэр кьэтхьытащ. ЗыкIуэцIихмэ, дыщэпс зытебза ящIыкIыр ельагъу, ПIащIэу кьыззэрихри, дыщэ сыхьэт кьыдихащ: «Си гъусэу бгъэкIуа зэманым папщIэ фIыщIэ пхузощI».

Дауэ къыгурымыIуэнрэт, щIалэм кьыгурыIуащ лIыжьым нэхъ лъапIэ дыдэу иIар и ныбжьэгъу цIыкIум и гъусэу игъэкIуа зэманыр зэрыарар.

ПIанэпэр зыгъэхьэзырар ЩОМАХУЭ Залинэщ.

● ЩIыуэпс

Сыт щыгъуи къабзэ?

Ди республикэм и щыхьэрыр кьабзэу щыгъэтынным теухуауэ «Зыуэ щыт Урысеим» и ЩIэблэщIэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ къудамэм Iуэху щхьэпэ иригъэкIуакIащ.

ЕЗЫХЭМ я жэрдэмкIэ акцэм цIыху 40 хэтащ. Ахэр псорн Кьэбэрдей-Балъкъэрым ЩIыуэпсымрэ экологиемкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэщ. Абыхэм кьыззхэкIыхьащ мы гъэмахуэ лъэхъэнэм дунеяплъэ къэзыкIухьэм я кIуапIэхэр. Езыхэм кьыззэрыхагъэщащкIэ, дыкъэзыIухъуреихь дунеим гулъытэ лъэпкъ хуэзымыщI куэдым урохьэлIэ. Псом хуэмыдэу Налшыкыпсым и Iуфэ кьехьым щымащIэкъым пхъэнкIий, кIэрыкубжьэрыхуу зэхуэхьэсыпIэхэр. «ЩIэблэщIэ гвардием» хэтхэм ахэр ягъэкъэбзащ. А Iуэхугъуэм тхьэмахуэ зыбжанэ дэкIмэ кьыпащэну я мурадщ.

«Налшык къалэ кIуэцIри абы и Iэгъуэблагъэхэри, псом хуэмыдэу псы ёкъххэмрэ гуэлъэмрэ, сыт щыгъуи кьабзэу щытын хуейщ. Къеззгьыркъым щыщIэупсыр мыпхуэдизу щыдахэ ди щIынапIэр фIейуэ щытыныр», - жаIащ кьызэрэпэщащкIуэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гъэсэныгъэ

ГъащIэм увыпIэ тэмэм щрагъэгъуэт

«ЩIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ институтымрэ» Налшык къалэ администрацIэмрэ зэкъуэту «Дружба» санаторэм зэIущIэ щрагъэкIуащ. Ар теухуат сабий зеиншэхэмрэ адд-инэ зыщхьэщыкIыныгъэмрэ жылагъуэ гъащIэм тэмэму хэзэгъэ хъунымкIэ ядегъэжкIын хуей гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм.

КъАПЭ администрацэм зэхигъэува «Зэгурыуэныгъэ» проектым ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкIа япэ семинарым ирагъэблагъащ Нартан дэт интернатым и гъэсэныгъэ. ЗэIущIэр къыззэгъэпэщащ Iэзибэгу Азэмэт щIыхуэсэм псалъэмакъ щхьэпэ ядригъэкIуэкIащ, къызыхэкIа лъэпкъым, абыхэм зэрахьэ динми ёмыIыпIауэ щIэблэм яку дэлъын хуей мамырыгъэмэ зэгурыIуэныгъэмрэ ехьэлIащ. Апхуэдизу ахэр хигъэгъуэзащ «Зэныбжьэгъуэ» псалъэм и мыхьэнэм. Iэзибэгуми зэрыжиIамкIэ, япэ дерсхэм япкъ иткIэ, сабийхэр нэхъ гъунэгъуу зригъэщIыхуну и мурадщ, абыхэм псалъэмакъ зэIуха ядебгъэкIуэкIыфын хуэдэу.

КъыкIэлыкIуэ зэхьыбэхэр цIыкIуэр дзэхьэхэ Iуэхуэхэм хуагъэпсынчэ. Абы ехьэр щыхагъэгъуэзэнщ бизнес хуэIуэхуэщIэхэмрэ проект зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыззхалъхьа щIыкIэмрэ.

КъыззэгъэтощакIуэхэм къыхагъэщащ, иджыпсту ди республикэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрисыр проектым лъабжьэ хуэхуэуа зэхуэсыгъуэхэм ящIыщ зыуэ зэрыщытыр. Сабий зеиншэхэр гъэгушхуэным, гъащIэ гъуэгуанэ тэмэм тегъэувэным ехьэлIа лэжьыгъэхэм адэкIи зрагъэубгъуну я мурадщ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Псапэ

Сымаджэхэм доIэпыкъу

Хьэсней щыгъэхэт Щыхубзхэм я советым щапхъэфI игъэлъэгъуащ. Абы и ЛIыкIуэхэр иджыблагъэ щыIащ псапэгъэ узыфэ зыпкърытхэр щаIыгъыу ПIэджэм районым ит республикэ интернатым.

СОВЕТЫМ и унафэщI Жангуразов Зое къызэрыджиIамкIэ, мы Iуэхум и къалэн нэхъыщхьэр яхуэмыгъэхъуэ псэсымаджагъэр къызэуэлIахэм цIыху нэхъыбэм я гупэ хуагъэзэнырц, абыхэм гулъытэ хахэрэ гу хуабагъэкIэ яхуэзупсэнырщ.

Иджыпстукlэ интернатым цIыху 300 щаIыгъыци, абы щыщу 75-р сымаджэ хьэлъэщ. Советым хэтхэм абыхэм зэрыкIэлыпIэбэн хьэпшыпхэр куэду хуащащ. Мыдрей лъэрытетхэри IэфIыкIэ, ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ягъэгуфIащ. Тыгъэкхэр щащхуэмыкIэ Советым мылькукIэ зыкъыщIагъэкъуащ «Райян» тыкуэным и лэжьакIуэхэм.

Интернатыр здэщыIэ щыпIэр пхыдзауэ зэрыщытым и зэранкIэ цIыхухэм я Iуэхутхьбзэ щIагъуэ абы щаIыгъэм ялъэIэскъым. Аращ сымаджэхэр хуащIа гулъытэм хуабжьу щIыщыгуфIыкIар. ЦIыхубзхэм я советым хэтхэм я мурадщ мыпхуэдэ псапащIэ Iуэхуэм дпэжкIи къыпащну.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Жыгым кьыныкIэ и уасэщ, лъэпкъым и уасэ и бынщ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зеикъуэ бгъуэнщІагъым и щэхухэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгылъэ щІыпІэхэм иджыблагъэ кьыщагъэта бгъуэнщІагъ телъыджэхэм дихьэхэр кІуэ пэтми нэхьыбэ мэхъу. Абыхэм иджы кьахэхьуащ РЕН ТВ телеканалым и корреспондентхэри.

●Льахэхутэ

БАХЪСЭН щынальэм хыхьэ Зеикъуэ кьуажэм кьыщыхьащт бгыхэм кІуэщІигъэпщкІухьа гъуэ гъэщІэгъуэнхэм я лъэужьыр япэу къэзыхутар республикэм фІыуэ кьыщащыхьу льахэхутэ зэщхьэгъусэхэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэщ. Сытым джи абыхэм дэІэпыкьуэгъу яхуохьу мы щІыпІэхэм фІыуэ щыгъуаэз, льагъуныгъэшхуи яхузиІэ Жэмыхьуэ Артур.

БгъуэнщІагъэр кьэхутэн Іуэхум кьежьапІэ хуэхьуащ Іуащхьэхэм адэмыдэкІэ щыкІэрыщІыхьа, нэмыцэфашист зэрыпхъуакІуэхэм кьагъэсэбэпу щта нагьыщхэр.

- Ахэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ита и 9-м сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ сыхьэт 18 пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кІалэхэмрэ къуажэхэмрэ «Спорт школым зыщегъэтх» Іуэхугъуэр щекІуэкІынущ. А махуэм адэ-анэхэм я сабийхэр КъБР-м и спорт школхэм яІэну, тренер-егъэджакІуэхэм яІущІэну, ІуэхущІапІэм и методикэм щыгъуаэз защІыну Іэмал ягъуэтынущ. А псори сэбэп хъунущ щІэблэр нэхъ дэзыхьэх спорт лІэужьыгъуэр къащІэныжькІэ, зыхуей школыр кьыхахынымкІэ.

«Спорт школым зыщегъэтх» акцэр Урысей Федерацэм СпортымкІэ и министерствэм кьыхилъхьащ.

Апхуэдэ фІэщыгъэ зиІэ Іуэхугъуэр гъэ еджэгъуэщІэм щІидзэжа нэужь илъэс къэс фокІадэм ирагъэкІуэкІ. Абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэр сабийхэр спорт секцэхэм кьешэлэнырщ, гъащІэ узыншэм дегъэхьэхынырщ. Мы гъэм и щыщхьэуІу мазэм акцэр Урысей Федерацэм и щІыналъэ псоми щекІуэкІынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Спорт школым зыщегъэтх»

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм щекІуэкІа зэІущІэм щхьэхуэу кьыщытеувыІащ «Спорт школым зыщегъэтх» урысейпсо акцэр зэрекІуэкІынум.

МИНИСТРЫМ и къуэдзэ Мамхэгъ Хьэчим зэхуэсым кьрихьэлІа республикэм и кІалэ, куей спорт ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэм кьалэн ящІащІ ар тэмэму кьызэрагъэпэщыну, ныбжьыщІэхэм яхуэзэну.

2013 гъэм щыщхьэуІум и 9-м сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ сыхьэт 18 пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кІалэхэмрэ къуажэхэмрэ «Спорт школым зыщегъэтх» Іуэхугъуэр щекІуэкІынущ. А махуэм адэ-анэхэм я сабийхэр КъБР-м и спорт школхэм яІэну, тренер-егъэджакІуэхэм яІущІэну, ІуэхущІапІэм и методикэм щыгъуаэз защІыну Іэмал ягъуэтынущ. А псори сэбэп хъунущ щІэблэр нэхъ дэзыхьэх спорт лІэужьыгъуэр къащІэныжькІэ, зыхуей школыр кьыхахынымкІэ.

«Спорт школым зыщегъэтх» акцэр Урысей Федерацэм СпортымкІэ и министерствэм и саугъэт льапІэри кьратащ. Бозиев Хьэрун етІуанэ увыпІэр иубыдащ.

Медалхэм кьыщынэмыщІауэ, Туменовымрэ Бозиевымрэ Урысейм и ныбжьыщІэхэм я командэ кьыхэхам хагъэхьащ.

КУЖОНОВЭ Эльмир.

●Бокс

Гуп къыхэхам ирагъэблагъэ

Пензэ къалэм щекІуэкІа Урысейм и школакІуэхэм я еханэ гъэмахуэ спартакиадэм кьэралым и еджакІуэ 200-м щІигъу хэтащ.

КИФЩІ-м и командэ кьыхэхам хэту абы я зэфІэкІ щагъэлъагъуащ Бабугент кьуажэм и «Бастион» клубым и гъэсэнхэм. Удэзыхьэх зэІущІэ екІухэр ирихьэкІуэкІри, спартакиадэм ныбжьыщІэ нэхъыжьхэм боксымкІэ я зэхьэзэхуэм дыщэ медаль кьыщихащ спортымкІэ мастерым и кандидат Туменов Биберт. Абы Урысейм спортымкІэ и министерствэм и саугъэт льапІэри кьратащ. Бозиев Хьэрун етІуанэ увыпІэр иубыдащ.

Медалхэм кьыщынэмыщІауэ, Туменовымрэ Бозиевымрэ Урысейм и ныбжьыщІэхэм я командэ кьыхэхам хагъэхьащ.

КУЖОНОВЭ Эльмир.

●Кавказ джэгуэр

Ныбжьыщ1э 200-м нэблагъэ хэту

Бахъсэн куейм хыхьэ Къубэ-Тэбэ къуажэм щригъэжьэкІа «Кавказ джэгуэр» район фестивалым нэхъыбІэр наІуэ щІыхьащ. Абы хэта спортсмен 200-м нэблагъэр спорт лІэужьыгъуэу 8-кІэ зэпеущащ.

- МУНИЦИПАЛЬНЭ зэгухьэныгъэхэм ящыщу ягъэ «Кавказ джэгуэр» зэхэзыублар Бахъсэн куейм. Абы щхьэусыгъуэ иІащ. Фи спортсменхэм ящыщ куэдым фестивалым и Кавказ Ищхьэрэ Іыхьэм текІуэныгъэхэр кьыщыхьащ, - жиІащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыныжькІэ и къудамэм и унафэщІ Анаев Асльан.

Район зэхьэзэхуэр кьыщызэІуахым спортсменхэм ехьэлІэныгъэхэр ыпэрагъэхьэмэ зэригуапэр яжриІащ район администрацым и тхьэмадзэм и къуэдзэ Іэхъуэбэч Анзор. БашкІэзекІуэным щытекІуащ Кьыщпэк къуажэм щыщ Кьанкъуэ Ислъам, кІапсэкІэ дэпщеиным бжьыпэр щиубыдащ Къубэ-Тэбэ и лІыкІэ Гугъуэт Тимур, шабэзкІэ уэным Согуэ Риммэрэ (Зеикъуэ) Мэлбахъуэ Мухьэмэдрэ (Къубэ-Тэбэ) я хьэрэуэрэгъуэм ефІэкІащ. Кьару троеборым щытекІуащ Пщыхьэщ Іэхьед (Къулькъужьи Ищхьэрэ), КІасэ Азэмэт (Къубэ-Тэбэ) хьалъэ гъэІэпхъуэныжькІэ зэпеуэм къыпэлъэща кьахэкІакъым. Армспорт зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ Тхьэмылокъуэ Ислъам (кг 80-м щыщІу зи хьэлъагъ, Бахъсэнэнкэ), Шыбзыхъуэ Елдар (кг 80, Ислъамэй), Къуэдзэжьуэ Анзор (кг 65-рэ, Зеикъуэ). Пелуанхэм я деж щытекІуащ килограмм 50-р, 62-рэ кьэзыІэта зеикъуэдас Хьэмырзэ Мухьэмэд, КІапсэ зэпекъуэм Зеикъуэ щыщхэм бжьыпэр щаубыдащ, Куба и командэ кьыхэхам етІуанэ, кІыщпэдзэсхэм ещанэ увыпІэхэр яльысащ.

Фестивалым щытекІуахэм Бахъсэн районым и спорт комитетым и щІыхь тхыпхэр, кубок хэмрэ медалхэмрэ иратащ. АдэкІэ ахэр хэтынущ «Кавказ джэгуэхэм» и республикэ зэпеуэм.

АПОКЪУЭ Ариян.

●КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Къытрина ІэпапІэхэмкІэ

Урысей Федерацэм и МВД-м Май районымкІэ и кьудамэм и лэжьакІуэхэм нэхьапэм суд зытращыхьауэ щыта налшыкдэсыр зэрещыІэр яубыдыу. Абы, Май кьалэм дэт промышленнэ хэпшыпхэр щащэ тыкуэным щыІэу, пэшхэм ящыщ зым и ІункІыбзэйх зыІэригъэхьар кьиригъэсэбэпри, сейфыбжэр Іуихащ икІи сом мин 23-рэ дидыгъукІащ.

Кьэлэныхьуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым полицейскэм яубыхьащ абы кьытрина ІэпапІэхэр базэм иль дактолоскопие картэм зэрытехуэр.

Спирт литр 605-рэ

КъБР-м щыІэ МВД-м, Осетие Ищхьэрэ-Алание РеспубликэмкІэ МВД-м я УГИБДД-хэм я лэжьакІуэхэм «Таллинн» гъуэгу-плъыр кьулыкъум и постым деж зэщІыгъуу кьалэныр щрахьэжкІыу кьагъэувыІащ Алагир кьалэм щыщым зэригъакІуэ «КамАЗ» автомашинэр. Абы и прицепым щыгъэпщкІуауэ спиртымэ кьызэхих литр 605-рэ ишэрт.

Кьытрахар КъБР-мкІэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ. Кьэпщытэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ.

Къэралым кьыщалъыхьуэр Буденновск щаубыд

Урысей Федерацэм и МВД-м и «Прохладнэ» кьудамэм и лэжьакІуэхэм кьэпльыхьуэныгъэ Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІым яубыдащ УФ-м и МВД-м Ставрополь крайм и Буденновскэ районымкІэ и кьудамэм щІэпхьаджагъэ зэриглъэкьам кьыхэкІыу кьэралым кьыщилъыхьуэ, 1978 гъэм кьалъхуа прохладнэдэсыр.

Мэзкуу нэсакъым

Прохладнэ куейм хыхьэ Приближнэ станицэм щыпсэу цыхубзым 1996 гъэм кьалъхуа и кьуэр унэм дэкІыу кьыІэзэриныгъэзэкам, здэщыІэрэ зэримыщІэм кьыхэкІыу полицэм зыхуигъэзащ.

ИкІэщыпІэкІэ кьэлъыхьуэр щІадзэри, а махуэ дыдэм ныбжьыщІэр «Мэзкуу-Налшык» мафІэгум зэрисыр яубыхьащ. Ар «Рязань» станцым кьыщрагъэкІауэ и унэм кьокІуэж.

ЗалымыгъэкІэ автомашинэм щаІыгът

Кьалэныр езыхьэкІ полицэм и плъыр-пост кьулыкъум и лэжьакІуэхэм ябгъэдыхьа 1987 гъэм кьалъхуа Нарткъалэ щыщ цыхубзым жиІащ езыр хуэмеІуэ, щІалэщІищым щынагъэкІэ ар Щоджэнцыкъум и уэрамым «Тойота Камри» автомашинэм зэрыщаІыгъар.

Зи гугъу ищІахэр яубыдащ. Ахэр 1987 гъэм кьалъхуауэ Сэрмакъ кьуажэм, 1990, 1991 гъэхэм кьалъхуахэу Бахъсэн, Тэрч кьалэхэм щыпсэуахэщ.

И анэм йодыгъуэж

Урысей Федерацэм и МВД-м и «Прохладнэ» кьудамэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ нэхьапэм суд зытращыхьауэ щыта, 1980 гъэм кьалъхуа прохладнэдэсыр. Абы и анэм и фэтэрым сом мини 100 зэрыльэ «ХьумапІэбанк»-м и кредит картэр, сом мин 60 и уасэ дыщэхэкІ кьышидыгъуащ.

А псори абы и цыхуГъэ цыхубзым деж кьыщагъэтыжри, зейм Іэрагъэхьажащ.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

Хъыбар гуэр фщІэуэ пІэрэ?

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм Уголовнэ кьэлъыхьуэныгъэмкІэ и кьудамэм кьелъыхьуэ Думенов Елдар Шмаухай и къуэр, 1970 гъэм кьалъхуар, Налшык къалэ, Неделинэм и уэрамым тет 116-нэ унэм и 107-нэ фэтэрым щатхар. Абы 2011 гъэ льандэрэ и Іыхьлыхэм пыщІэныгъэ гуэри яхуІэкъым, нобэр кьыздэсым здэщыІэр ящІэркъым.

И тепльэр: см 175-м щигъу и льагагъщ, кьуэгъущ, и щхьэцыр захуэщ, тхьауащ, и натІэм деж икІащ.

Думенов Елдар Шмаухай и къуэм и хэщІапІэм щыгъуаз щыІэмэ, дыныволъэІу мы телефонхэмкІэ фыкъэпсэльну: (88-6630) 49-56-99, 49-56-27, 02 е полицэм и кьудамэ нэхъ гъунэгъуэм зыхуэзгъэзэну.

Къэралкъуэм Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Бахъсэндэсхэм я топ 88-рэ

●Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и етІощІанэ джэгуэгуэр зэхэтащ. Абы топ 8 зэуэ зы зэІущІэм щыдгъэкІыу щытекІуа «Бахъсэнымэ» етІуанэ увыпІэр щнубыдащ. А зыращ пашъхьэгъэр зыцІыгъ «ЛогоВАЗ»-м пъэщІыхьэжьыфыну зэкІэ Іэмал зиІэр.

«БАХЪСЭНЫМ» и гъуащхьауэхэм хуэдэ мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыгъэтыгъуейщ. ЖыпІэну ирикъунщ джэгуГъуэ 20-м абыхэм топ 88-рэ зэрыщыдагъащІыгъуу ягъэ. ЖыпІэну ирикъунщ джэгуГъуэ 20-м абыхэм топ 88-рэ зэрыщыдагъащІыгъуу ягъэ. ЖыпІэну ирикъунщ джэгуГъуэ 20-м абыхэм топ 88-рэ зэрыщыдагъащІыгъуу ягъэ зэІущІэм хуабжьу щыжьыджэращ нэгъабэрей зэхьэзэхуэхэм и гъуащхьауэ нэхъыщІ хьуа ШащІэ Беслъэн. «ДЕР»-м а пщыхьэщхьэм абы топиплІ щыхудигъэкІащ. Абы щыгъуэми ШащІэр зэкІэ лъэщІыхьакъым мыгъэрей зэпеуэм щыпашэ Жэбэтыр Ратмир. БлэкІа зэІущІэм кьыщыхэжаныкІыну Іэмал имыІами, «Къэбэрдейм» и гъуащхьауэр нужь кьитхэм иджыри топищкІэ апэ итщ.

АдэкІэ щыгъуаз фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм кьрикІуа бжьыбгъэхэм: **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхьэрэ) - **4:2, «Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Исльэмей»** (Исльэмей) - **2:2, «Тэрч»** (Тэрч), **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **3:4, «ГидроЭС»** (Налшык) - **«ШэджэмІ-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **1:3, «Эльбрус»** (Тырныауз) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **1:5, «Нарт»** (Нарткъалэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **2:7, «Кьэхьун»** (Кьэхьун) - **«ДЕР»** (Щхьэлыкъуэ) - **5:5, «Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **«Шагъдиз»** (Налшык) - **8:0, «СК-Союз-Сэрмакъ»** (Сэрмакъ) - **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **3:3.**

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм къриКІуа бжьыбгъэхэм

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «ЛогоВАЗ»	**20**	**16**	**1**	**3**	**55-30**	**49**
2. «Видэм-с-эн»	**20**	**15**	**1**	**4**	**88-38**	**46**
3. «Кэнжэ»	**20**	**14**	**2**	**4**	**54-33**	**44**
4. «Кьэхьун»	20	12	4	4	49-35	40
5. «ГидроЭС»	20	11	2	7	34-25	35
6. «Автозапчасть»	20	11	2	7	50-41	35
7. «Спартак-Д»	20	10	5	5	52-34	35
8. «ШэджэмІ-2»	20	9	4	7	41-47	31
9. «Прохладнэ»	20	7	7	6	32-23	28
10. «Къэбэрдей»	20	8	3	9	46-50	27
11. «Велес»	20	6	7	7	36-37	25
12. «Эльбрус»	20	6	2	12	36-48	20
13. «Нарт»	20	5	5	10	31-46	20
14. «Исльэмей»	20	5	4	11	36-41	19
15. «Шагъдий»	20	5	4	11	37-58	19
16. «СК-Союз-Сэрмакъ»	**20**	**4**	**3**	**13**	**29-61**	**15**
17. «Тэрч»	**20**	**4**	**1**	**15**	**48-74**	**13**
18. «ДЕР»	**20**	**2**	**3**	**15**	**30-63**	**9**

«Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Іуащхьэмахуэ» журналымрэ я лэжьакІуэхэр газетым жэуап зыхь и секретарым и кьуэдзэ **ДыщэкІ Соня Хьэжмусэ** и пхъум хуогузавэ **ДыщэкІ (Къалмыкъ) Мерэ Хьэмид** и пхъур дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылас Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьакІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5, ебгъуанэ, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторым нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щнхабзэмкІ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэм Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэныжькІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; дизайнэмкІэ - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм яку жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплыкІэр зэтехуэ зэпыту щытекІым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынар и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт эпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хьэуэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щыгредащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Ленинным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Гъурыжь Мадинэ,** редактору **Жыласэ Заурбэч,** корректорхэу **ЩхьэщэмыщІ Иэ** *(2, 5, 6-нэ нап.),* **Афэ Тамарэ** *(1, 3, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дизайнкьэуэгъу Мырзэкъан ФатІимэ.** ***КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** ***суэрэтхэм елэжьар*** **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэм хуейщ сыхьэт 20-м, щыгредзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.813 ● Заказ №2005